ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№30 (24.156) ● 2021 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек УФ-м спортымкІэ и министр Матыцин Олег Іуощ Іэ

КІуэкІуэ Казбек гъатхэпэм и 16-м Москва къалэм щыІущІащ УФ-м спортымкІэ и министр Матыцин Олег. Ахэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спорт ІэнатІэм зыщегъэужьыным ехьэлІа Іуэхуэм.

ЩІЫНАЛЪЭМ и унафэщІымрэ министрымрэ я зэІущІэм нэхъыщхьэу зыщытепсэлъыхьахэм ящыщу «Спартак» стадионыр, спортым зыщыхуагъасэу, узынщагъэр щрагъэфІакІуэу Тырныаузэ къалэм дэт «Бахъсэн» спорт комплексыр, «Налшык» спорт комплексыр зэгъэпэщыжыным, олимп джэгуэм бэнэкІэ хуитымкІэ ехьулІэныгъэхэр щызыІэрызыгъэхьэфыну гугъэ уэзыгъэщІ ныбжьыщІэхэм щадэлажьэ, физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфІакІуэу комплексухуэныр, апхуэдэ дыдэ комплекс боксым зыхуэзыгъасхэм яхуэщІыныр, Каменномост къуажэм ФОК, Шэрдж щыналъэм хыхьэ Безенги, Зэрэгъыж къуажэхэм спорт залхэр щыхуэныр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным и Іуэхуми. «Демографие» лъэпкъ проектым хыхьэ «Спортыр ди псэукІэм и мардэщ» къэрал проектым зэрыщыубзыхуам тету, КъБР-м и Правительствэмрэ УФ-м СпортымкІ э и министерствэмрэ Іэ зытрадза зэгурыІуэныгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуам ипкъ иткІэ 2020 гъэм республикэм къыІэрыхьащ сом мелуан 360-рэ хуэдиз. КъыхуауатІыпща мылъкур трагъэкІуэдащ спорт Іуэхуащ Іэнэхэм я материально-техникэ гъабжьэхэр гъэбыдэным. Яухуащ Іуэху куэдым хуэщІа джэгуІэ губгъуэ 25-рэ, воркаути узынщагъэр щрагъэфІакІуэ комплексхэри хэту. Кымыдзкіэ, Май къалэм дэт спорт школым футбол джэгуІэ кІыщыізэІухащ. ЗэфІэкІащ КъэщкІэтау, Къэрэгъэщ, ЩхьэлыкІуэ къуажэхэм щрагъэкІуэкІа спорт ухуэныгъэхэр, мыгувэу ятынущ Бахъсэн къалэм щауха ФОК-мрэ Псыхъурей къуажэм щащІа спорт пэщыдмрэ.

Дзэзрыт илъэсым республикэм спорт ІэнатІэм зыщегъэужьыным къэрал субсидиеу къыхуатІыпщынур сом мелуан 350-м щІигъу хъунущ. Зэман гъунэгъум ирагъэкІуэкІыну уху ныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ иджырей пятиборьем зыщыхуагъэсэну спорт комплекс Налшык къалэм Ашуровым и цІэр зезыхьэ и уэрамым щыухуэныр, ар 2022 гъэм яухын хуейуэ хуагъэуващ. А псом кьадзкІуэу, республикэм и Правительствэм я Іуэхуэр зэхъэлІа къэрал министерствэм зэгурыІуэныгъэ ирищыІлащ 2022 - 2023 гъэхэм къуриубыдэу яухуэнухэм трагъэкІуэдзэну сом мелуан 300-м щІигъу къыхуатІыпщыныр щыщІэгъэбыдаУ. А мылъкур хухахынущ щІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэм зыщыхуагъасэну, мыл зытегъэлъэда къэжьхьыпІэрэ физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфІакІуэ уни зыхэтыну, щхьэ зытелъ комплексыр ухуэным. Адэкіэ пащэнущ республикэм и спорт школхэр спорт-технологие Іэмэпсымэхэмкіэ, ныгъуэщІ зыхуеинухэмкІэ къызэгъэпэщыным ехьэлІа лэжьыгъэхэм, ГТО-м и мардэхэр щагъэзэщІэну спорт утыкуэхэр, ныгъуэщІ ухуэныгъэхэр республикэм и къалэхэмрэ щыналъэхэмрэ щрагъэкІуэкІынущ.

Республикэр ипэкІэ КІуэтэныр зэлъытА унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ, зыуэ кьонэж щІыкІу куэд зыхэт спортым зегъэужьыным, физкультурэ махуэ къэш щІыным щІыкІу нэхъыбэ къыхэщэныр, спорт ухуэныгъэхэм щІыхуэхэр екІуэлІэфу, ахэр щІыхуейм кьагъэсэбэпыфу Іуэхур зэтеухуэныр. КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм кьызэритамкІэ, республикэм щІипсэу сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я процент 82,2-р физкультурэмрэ спортымрэ хэтщ. Республикэм щІипсэухэм я процент 46,3-р махуэ къэс физкультурэ, спорт Іуэхуэхэм хэту ятхащ 2020 гъэм, ар абы ипэ ита ильэсым зэрыщытам процент 5-кІэ щІегъу. Я узынщагъэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ физкультурэ Іуэхуэхэм хэтхэм я бжьыгъэм кІуэ пэтми хохъуэ.

ЗэІущІэм Іэ щытрадзащ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ щызэдэлэжьэныным теухуэ зэгурыІуэныгъэм, илъэсиплІ пІалъэм тещІыхьауэ. Абы къыщыигъэлъэгъащ спорт инфраструктурэм зегъэужьыным хуэгъэпса къэрал проектхэмрэ программэхэмрэ щызэдэлажьэныр, спортым ныбжьыщІэхэр нэхъ жьыдэжру кьыхэщэным ехьэлІа лэжьыгъэхэр, дунейпсо утыкум я урысей спортым хуэфэщэн увыпІэ щыІыгъыным ехьэлІа Іуэхуэхэр, спорт гъэсакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я Іэзэгъэм хагъэхъуэныр, спортым кьыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр республикэм кьыщыщІагъэкІыну Іуэхуащ Іэнэхэр кьызэІуныр, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ ятеухуэ щІэныгъэ кьэхутэныгъэу ирагъэкІуэкІым хэгъэхъуэныр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КъБР-м и Іэтащхьэ яхуэзащ Урысейпсо цІыхубэ фронтым и «Гулъытэм и щІыналъэ» проектыр зыгъэлажьэхэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ яхуэзащ Урысейпсо цІыхубэ фронтым и исполкомым и унафэщІ Кузнецов Михаилрэ а Іуэхущ Іапі эм и «Гулъытэм и щІыналъэ» проектым и куратор Федермессер Аннэрэ. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м узынщагъэр хъумэнымкІэ и министр Кьалэбатэ Рустам.

«ГУЛЪЫТЭМ и щІыналъэ» проектыр зи нэІэ щІэтэхэр республикэм иджы япэу кьакІуэу аракъым, иджырейм я мурадар сабий сымаджэ хьэлъэхэм ират дэІэпыкъуныгъэр егъэфІэкІуэнырщ, а Іэнатіэм Урысейм хыхьэ щІыналъэхэм щІыхалъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм тету.

Кьалэбатэ Рустам хьэщІэхэм яжриІащ яхуэмыгъэхъуж узыфэхэр зыпкърытхэм ядэІэпыкъуным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ хъарзынэ зэрыщекІуэкІыр. Апхуэдэ сабий сымаджэхэм щакІэлъыплъыну 2015 гъэм Сабий унэм къудамэ къыщыззрагъэпэщауэ щытащ, гъэулъыпІитху щІэту. 2018 гъэм Сабий унэм щаубзыхуащ зи щхьэ Іэзу зезымыхуэжьыфхэм защІэгъэкъуэныр зи пщэрыльІэнатІэ иКІи абы и нэІэ щІагъэуващ сабий сымаджэ хьэлъэхэр зиІэ унагъуэ 50. Сабий унэм а и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр яхуэмыгъэхъуж узыфэ зыпкърыт сабийхэм медицинэ и лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъу къудейкъым, атІэ адэ-анэхэми я гур ямыухыжьымкІэ зыщІагъакъуэ, юридическэ чэнджэщхэри ират, абы нэмыщІ сабийхэм тэмэму зэракІэлъыплъынум хурагъаджэ.

Федермессер Аннэ КъБР-м и Іэтащхьэм щепсалъэм жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым сабийхэм паллиативнэ дэІэпыкъуныгъэ ятын и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрыщыззэфахыр: «ИльэситІкІэ узэбэкІыжмэ, дэ дыздэщыІэ щІыналъэхэм ящыщщ фи щІыналъэр. Фэ фиІэщ сабий сымаджэ хьэлъэхэм щакІэлъыплъ къудамэ, ар икъукІэ арэзы укъэзыщІщ. Абы и лэжьыгъэр кьызэрызэгъэпэщаР, ар зэрызэтеухуар, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм Іуэхущ Іапі эр дезинфекцэ ящІ. Сымаджэщым дызыхуэкІуэ тхьэмахуэ зэхуакум и пэщІэдзэм лэжьэн щІидзэжьыну хуагъэфащэ.

Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щоламжэ COVID-19-м щыпэщІэт ящІ. Сымаджэщым щы - ахэр щыІэщ СПИД-мрэ узыфэ зэрыщІалэхэмрэ ебэныныжьмкІэ центрым, Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №2-м, Нартkey къалэ дэт щІыналъэзэхуакуэ сымаджэщым. Абыхэм гъэлъыплІэ 453-рэ щІэтщ, сымаджэ 293-м щоІэзэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Госпиталыр зэхуащІыж

Тэрч къалэм дэт щыналъэ сымаджащ нэхъыщхьэм зыхуегъэхьэзыр нэхъапэм зытета мардэм теухьэжу и къалэнхэр гъэзэщІэным пищэжьным.

АБы и унэм щылэжьа, узыфэ зэрыщІалэ нэхъ шынагъуэхэр зыпкърытхэр щагъэхъуж госпиталыр зэхуащІыжащ. Иджыпсту медицинэ Іэнэхэр дезинфекцэ ящІ. Сымаджэщым дызыхуэкІуэ тхьэмахуэ зэхуакум и пэщІэдзэм лэжьэн щІидзэжьыну хуагъэфащэ.

Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щоламжэ COVID-19-м щыпэщІэт ящІ. Сымаджэщым щы - ахэр щыІэщ СПИД-мрэ узыфэ зэрыщІалэхэмрэ ебэныныжьмкІэ центрым, Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №2-м, Нартkey къалэ дэт щІыналъэзэхуакуэ сымаджэщым. Абыхэм гъэлъыплІэ 453-рэ щІэтщ, сымаджэ 293-м щоІэзэ.

Іэщыр хъупІэхэм зэрыдашыным зыхуагъэхьэзыр

Республикэм и мэкъумэш Іуэхущ Іапі эм я Іащыр щІэубыдауэ щаІыгъ бжьыхьэ-щІыбмахуэ лъэхъэнэр и кІэм нэблэгъащ икІи абыхэм зыхуагъэхьэзыр хъупІэхэм зэрыкІуэным.

ВЕТЕРИНАРИЕМКІЭ управленэм и Іэщ Іагъэ Іэхэм, мэкъумэшэхкІэхэр къызэлэжьхэмрэ Іэщ зыгъэхъужхэмрэ Іэщым зыхуэфащэ хущхъуэхэр ирахьэлІэ, ахэр здашэну щІыпІэхэм я щытыкІэхэр кьапщытэ.

Кавказ Ищхьэрэм Статистикіэмкіэ и Іуэхущ Іапі эм кьызэритамкІэ, псомиз зэхэту хозяйствэхэм былыму мин 274-рэ яІащ, ар процентти 2,3-кІэ нэхъыбэщ 2020 гъэм и иджы хуэдэ пІалъэм яІам нэхъ рэ.

Апхуэдэу, жэм бжьыгъэми процентти 3,6-кІэ хагъэхъуэфащ икІи хозяйствэ лІэужьыгъуэ псомиз зэхэту яІэр мини 138-рэ мэхъу. Мэлрэ бжэну мин 401-рэ яІащ икІи илъэс кІуам и иджы хуэдэ пІэхъэнэм зэрыхъуу щытам нэхъ рэ процентти 2,9-кІэ нэхъыбэщ ари. Джэдкъаз мелуани 3,9-рэ щІэтщ мэкъумэш Іуэхущ Іапі эм я джэдэщхэм - ар 2020 гъэм и иджы хуэдэ зэманым процентти 105,4-кІэ хуокІуэ.

2021 гъэм и щІышылэм шэуэ кьалэжьвар кьапщытэжати, илъэс кІуам и щІышылэм яхуэзэфІэкІам нэхърэ процентти 3,5-кІэ нэхъыбэ кьашащ - тонн мин 27,9-рэ мэхъу. Зы жэмым 2021 гъэм и щІышылэм кьыщІашащ килограмм 580-рэ, илъэс кІуам зэрыщыта килограмм 513-м и пІэкІэ.

КЪАНТЕМЫР Санэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ корупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Нобэрэ пщэдейрэ

Гъатхэпэм и 18, *махуэку*

♦Къырымыр Урысейм къыщІихьыжьа махуэщ. 2014 гъэм Урысейм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым и палатитІми хэтхэм захуигъэзащ Къырымыр къэралым щыщ зэрыхъужам теухуауэ. ХьатІыгуныкъуэм и лІыкІуэхэм ящІыгъуу абдежми Іэ щытрадзащ Къырым Республикэмрэ Севастополь къалэмрэ Урысей Федерацэм кьыхэгъахьэжьыным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦Белоруссием и къэрал КІуэцІ дзэхэм я махуэщ

♦1662 гъэм Париж дунейм щыяпэу лэжьэн щыщІидзащ жылагъуэ транспортым, «омнибус»-кІэ зэджэм. Ар щІыхуи 8 зэуэ зэрыхъэ, щхьэ зытелъ, къэуфыхьа шыгу зэщІэщІ.

♦1871 гъэм Франджым Париж коммунэр щыщІыдзащ зэрагъэпэщащ.

♦1892 гъэм США-мрэ Канадэмрэ я хоккей командэ нэхъыфІэхэм хуагъэфащэ саугъэтыр - Стэнли и Кубокыр - ягъуэващ.

♦1913 гъэм Налшык къыщІэзІуахащ округым и лъэпкъхэм я І съездыр.

♦1931 гъэм США-м къыщыщІагъэкІыу щІадзащ электрокъарукІэ лажьэ жьакІэупсыр.

♦1965 гъэм СССР-м и летчик-космонавт Леонов Алексей «Восход-2» кхъуэхым икІри, хьэрш зэІуХам япэ дыдэу хихьащ.

♦1980 гъэм «Восход-2М» ракетэр Плесецк космодромым щаутІыпщыным щыхуагъэхьэзырым къэуащ, абы мафІэсышхуи кІишащ. А насыпыншагъэм щыху 48-рэ хэкІуэдащ, 40-м щІигъум фэбжьышхуэхэр хахауэ щытащ.

♦Урыс композитор щІэрыІуэ, дирижёр, къэрал Іуэхущ Іапі эм и премиер Къэрэшай-Чэркэсыр щІыпІэ щІыІуэ щІэнэрэ япэу зыфІащащ, авиацэм и маршал **Покрышкин Александр** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м и щытыкІэ зиІэ и артист **Къашыргъэ Билал** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦КъэфакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Дзыхьмыщ Зарэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УэрэджыІакІуэ, актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Леонтьев Валерий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артисткэ, «Русская песня» ансамблым и къызэрэзэпэщакІуэ икІи и унафэщІ **Бабкинэ Надеждэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ актёр щІэрыІуэ, а къэралым и сагъэт куэдым я лауреат **Уиллис Брюс** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, экономист, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, 1991 - 1992 гъэхэм УФ-м и Премьер-министру щыта **Гайдар Егор** къызэралъхурэ илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонист щІэрыІуэ, Урысейм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, дунейпсо зэпеуэ куэдым къыщыхэжаныкІа, олимп чемпион **Малышко Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 19, *мэрем*

♦Іуэхутхьэбзэ зыхуащІэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и псыщІагъырыкІуэ кхъухьэм къулыкъу щызыщІэхэм я махуэщ. 1906 гъэм император Николай ЕтІуанэм унафэ къыщигъэкІащ Балтие тенджызым и псыщІагъырыкІуэ къарухэр зэгъэпэщыным теухуауэ.

♦Финляндием щагъэлъапІэ щІыхуэр я хуитыныгъэкІэ зэхуэгъэдэным и махуэр

♦1474 гъэм ІэмэпсымэщІэхэр къэзыгупсысахэм, къэхутэныгъэщІэхэр нАУэ къэзэщІахэм яхуэгъэзэ хабзэщІэ Венецием къыщащтащ - авторым и хуитыныгъэхэр хъумэным хуэунэтІауэ дунейм щыяпэ законыр.

♦1898 гъэм Къэрал Урыс музейм щІыхухэм зыщаплъыхьыну япэу хуит ящащ щытащ. А зэманым абы щызэхуэхьэсат сурэт миниХым нэс. Иджыпсту а музейр дунейм щынэхъ къулей дыдэхэм хабжэ икІи сурэт мин 400 хуэдиз иІэщ.

♦1899 гъэм Урысейми Петербургми щыяпэу а къалэм кьыщызэІуахащ «Дэлэпы-къуэгъу псынщІэ» станц.

♦1922 гъэм Москва и Шаболовкэ щІыпІэм лэжьэн щыщІидзащ радионэтынхэр «зэбгрыкІ», къэралым щынэхъ лъагэ дыдэ Шуховскэ чэщанэм. Абы метри 160-рэ и лъагагъ.

♦1953 гъэм телевидениэкІэ япэ дыдэу къагъэлъэгъуащ США-м и киносаугъэт нэхъыщхьэ дыдэр - «Оскар»-р зыхуагъэфащэ гъэм зэрыратыр.

♦1958 гъэм Страсбург (Франджы) къалэм Европарламентым и япэ зэІущІэр къыщызэІуахащ.

♦1999 гъэм Осетие Ищхьэрэм и къалащхьэ Владикавказ и Бззэр нэхъыщхьэм теракт щалэжьащ. Абы щыхуу 52-рэ хэкІуэдат, щыхуу 300-м нэблагъэм фабжь зэхуэмыдэхэр хахат.

♦2008 гъэм МГУ-м лэжьэн щыщІидзащ ди къэралымрэ Белоруссиемрэ я щІэныгъэлІхэмрэ Іэщ ІагъэлІхэмрэ зэпкрыльхэр, Урысейм щынэхъ лъэщ дыдэ компьютерым - «СКИФ МГУ» зыфІащам. Ар дунейм щынэхъыфІхэми хабжэу къекІуэкІащ илъэс зыбжанкІэ.

♦Совет къэхьылатэзехуэ Іэзэ, Совет Союзым и Лыхъжь щІэр щэнёрэ япэу зыфІащащ, авиацэм и маршал **Покрышкин Александр** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м щытыкІэ зиІэ и артист **Къашыргъэ Билал** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦КъэфакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Дзыхьмыщ Зарэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УэрэджыІакІуэ, актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Леонтьев Валерий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артисткэ, «Русская песня» ансамблым и къызэрэзэпэщакІуэ икІи и унафэщІ **Бабкинэ Надеждэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ актёр щІэрыІуэ, а къэралым и сагъэт куэдым я лауреат **Уиллис Брюс** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, экономист, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, 1991 - 1992 гъэхэм УФ-м и Премьер-министру щыта **Гайдар Егор** къызэралъхурэ илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонист щІэрыІуэ, Урысейм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, дунейпсо зэпеуэ куэдым къыщыхэжаныкІа, олимп чемпион **Малышко Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуэхуитэ

Аргъуей мыдзакъэ щыІэкъым.

КІуэкІуэ Казбек УФ-м спортымкІэ и министр Матыцин Олег Іуощ Іэ

КІуэкІуэ Казбек гъатхэпэм и 16-м Москва къалэм щыІущІащ УФ-м спортымкІэ и министр Матыцин Олег. Ахэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спорт ІэнатІэм зыщегъэужьыным ехьэлІа Іуэхуэм.

ЩІЫНАЛЪЭМ и унафэщІымрэ министрымрэ я зэІущІэм нэхъыщхьэу зыщытепсэлъыхьахэм ящыщщ «Спартак» стадионыр, спортым зыщыхуагъасэу, узынщагъэр щрагъэфІакІуэу Тырныаузэ къалэм дэт «Бахъсэн» спорт комплексыр, «Налшык» спорт комплексыр зэгъэпэщыжыным, олимп джэгуэм бэнэкІэ хуитымкІэ ехьулІэныгъэхэр щызыІэрызыгъэхьэфыну гугъэ уэзыгъэщІ ныбжьыщІэхэм щадэлажьэ, физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфІакІуэу комплексухуэныр, апхуэдэ дыдэ комплекс боксым зыхуэзыгъасхэм яхуэщІыныр, Каменномост къуажэм ФОК, Шэрдж щыналъэм хыхьэ Безенги, Зэрэгъыж къуажэхэм спорт залхэр щыхуэныр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным и Іуэхуми. «Демографие» лъэпкъ проектым хыхьэ «Спортыр ди псэукІэм и мардэщ» къэрал проектым зэрыщыубзыхуам тету, КъБР-м и Правительствэмрэ УФ-м СпортымкІэ и министерствэмрэ Іэ зытрадза зэгурыІуэныгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуам ипкъ иткІэ 2020 гъэм республикэм кьыІэрыхьащ сом мелуан 360-рэ хуэдиз. КъыхуауатІыпща мылъкур трагъэкІуэдащ спорт Іуэхущ Іапі эм я материально-техникэ гъабжьэхэр гъэбыдэным. Яухуащ Іуэху куэдым хуэщІа джэгуІэ губгъуэ 25-рэ, воркаути узынщагъэр щрагъэфІакІуэ комплексхэри хэту. Кьимыдзкіэ, Май къалэм дэт спорт школым футбол джэгуІэ кІыщыізэІухащ. ЗэфІэкІащ КъэщкІэтау, Къэрэгъэщ, ЩхьэлыкІуэ къуажэхэм щрагъэкІуэкІа спорт ухуэныгъэхэр, мыгувэу ятынущ Бахъсэн къалэм щауха ФОК-мрэ Псыхъурей къуажэм щащІа спорт пэщыдмрэ.

Дзэзрыт илъэсым республикэм спорт ІэнатІэм зыщегъэужьыным къэрал субсидиеу къыхуатІыпщынур сом мелуан 350-м щІигъу хъунущ. Зэман гъунэгъум ирагъэкІуэкІыну уху ныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ иджырей пятиборьем зыщыхуагъэсэну спорт комплекс Налшык къалэм Ашуровым и цІэр зезыхьэ и уэрамым щыухуэныр, ар 2022 гъэм яухын хуейуэ хуагъэуващ. А псом кьадзкІуэу, республикэм и Правительствэм я Іуэхуэр зэхъэлІа къэрал министерствэм зэгурыІуэныгъэ ирищыІлащ 2022 - 2023 гъэхэм къуриубыдэу яухуэнухэм трагъэкІуэдзэну сом мелуан 300-м щІигъу къыхуатІыпщыныр щыщІэгъэбыдаУ. А мылъкур хухахынущ щІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэм зыщыхуагъасэну, мыл зытегъэлъэда къэжьхьыпІэрэ физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфІакІуэ уни зыхэтыну, щхьэ зытелъ комплексыр ухуэным. Адэкіэ пащэнущ республикэм и спорт школхэр спорт-технологие Іэмэпсымэхэмкіэ, ныгъуэщІ зыхуеинухэмкІэ къызэгъэпэщыным ехьэлІа лэжьыгъэхэм, ГТО-м и мардэхэр щагъэзэщІэну спорт утыкуэхэр, ныгъуэщІ ухуэныгъэхэр республикэм и къалэхэмрэ щыналъэхэмрэ щрагъэкІуэкІынущ.

Республикэр ипэкІэ КІуэтэныр зэлъытА унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ, зыуэ кьонэж щІыкІу куэд зыхэт спортым зегъэужьыным, физкультурэ махуэ къэш щІыным щІыкІу нэхъыбэ къыхэщэныр, спорт ухуэныгъэхэм щІыхуэхэр екІуэлІэфу, ахэр щІыхуейм кьагъэсэбэпыфу Іуэхуэр зэтеухуэныр. КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм кьызэритамкІэ, республикэм щІипсэу сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я процент 82,2-р физкультурэмрэ спортымрэ хэтщ. Республикэм щІипсэухэм я процент 46,3-р махуэ къэс физкультурэ, спорт Іуэхуэхэм хэту ятхащ 2020 гъэм, ар абы ипэ ита ильэсым зэрыщытам процент 5-кІэ щІегъу. Я узынщагъэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ физкультурэ Іуэхуэхэм хэтхэм я бжьыгъэм кІуэ пэтми хохъуэ.

ЗэІущІэм Іэ щытрадзащ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ щызэдэлэжьэныным теухуа зэгурыІуэныгъэм, илъэсиплІ пІалъэм тещІыхьауэ. Абы къыщыигъэлъэгъащ спорт инфраструктурэм зегъэужьыным хуэгъэпса къэрал проектхэмрэ программэхэмрэ щызэдэлажьэныр, спортым ныбжьыщІэхэр нэхъ жьыдэжру кьыхэщэным ехьэлІа лэжьыгъэхэр, дунейпсо утыкум я урысей спортым хуэфэщэн увыпІэ щыІыгъыным ехьэлІа Іуэхуэхэр, спорт гъэсакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я Іэзэгъэм хагъэхъуэныр, спортым кьыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр республикэм кьыщыщІагъэкІыну Іуэхущ Іапі эхэр кьызэІуныр, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ ятеухуэ щІэныгъэ кьэхутэныгъэу ирагъэкІуэкІым хэгъэхъуэныр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Госпиталыр зэхуащІыж

Тэрч къалэм дэт щыналъэ сымаджащ нэхъыщхьэм зыхуегъэхьэзыр нэхъапэм зытета мардэм теухьэжу и къалэнхэр гъэзэщІэным пищэжьным.

АБы и унэм щылэжьа, узыфэ зэрыщІалэ нэхъ шынагъуэхэр зыпкърытхэр щагъэхъуж госпиталыр зэхуащІыжащ. Иджыпсту медицинэ Іэнэхэр дезинфекцэ ящІ. Сымаджэщым дызыхуэкІуэ тхьэмахуэ зэхуакум и пэщІэдзэм лэжьэн щІидзэжьыну хуагъэфащэ.

Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щоламжэ COVID-19-м щыпэщІэт ящІ. Сымаджэщым щы - ахэр щыІэщ СПИД-мрэ узыфэ зэрыщІалэхэмрэ ебэныныжьмкІэ центрым, Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №2-м, Нартkey къалэ дэт щІыналъэзэхуакуэ сымаджэщым. Абыхэм гъэлъыплІэ 453-рэ щІэтщ, сымаджэ 293-м щоІэзэ.

Іэщыр хъупІэхэм зэрыдашыным зыхуагъэхьэзыр

Республикэм и мэкъумэш Іуэхущ Іапі эм я Іащыр щІэубыдауэ щаІыгъ бжьыхьэ-щІыбмахуэ лъэхъэнэр и кІэм нэблэгъащ икІи абыхэм зыхуагъэхьэзыр хъупІэхэм зэрыкІуэным.

ВЕТЕРИНАРИЕМКІЭ управленэм и Іэщ Іагъэ Іэхэм, мэкъумэшэхкІэхэр къызэлэжьхэмрэ Іэщ зыгъэхъужхэмрэ Іэщым зыхуэфащэ хущхъуэхэр ирахьэлІэ, ахэр здашэну щІыпІэхэм я щытыкІэхэр кьапщытэ.

Кавказ Ищхьэрэм Статистикіэмкіэ и Іуэхущ Іапі эм кьызэритамкІэ, псомиз зэхэту хозяйствэхэм былыму мин 274-рэ яІащ, ар процентти 2,3-кІэ нэхъыбэщ 2020 гъэм и иджы хуэдэ пІалъэм яІам нэхърэ.

Апхуэдэу, жэм бжьыгъэми процентти 3,6-кІэ хагъэхъуэфащ икІи хозяйствэ лІэужьыгъуэ псомиз зэхэту яІэр мини 138-рэ мэхъу. Мэлрэ бжэну мин 401-рэ яІащ икІи илъэс кІуам и иджы хуэдэ пІэхъэнэм зэрыхъуу щытам нэхърэ процентти 2,9-кІэ нэхъыбэщ ари. Джэдкъаз мелуани 3,9-рэ щІэтщ мэкъумэш Іуэхущ Іапі эм я джэдэщхэм - ар 2020 гъэм и иджы хуэдэ зэманым процентти 105,4-кІэ хуокІуэ.

2021 гъэм и щІышылэм шэуэ кьалэжьвар кьапщытэжати, илъэс кІуам и щІышылэм яхуэзэфІэкІам нэхърэ процентти 3,5-кІэ нэхъыбэ кьашащ - тонн мин 27,9-рэ мэхъу. Зы жэмым 2021 гъэм и щІышылэм кьыщІашащ килограмм 580-рэ, илъэс кІуам зэрыщыта килограмм 513-м и пІэкІэ.

КЪАНТЕМЫР Санэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ корупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Нобэрэ пщэдейрэ

Гъатхэпэм и 18, *махуэку*

♦Къырымыр Урысейм къыщІихьыжьа махуэщ. 2014 гъэм Урысейм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым и палатитІми хэтхэм захуигъэзащ Къырымыр къэралым щыщ зэрыхъужам теухуауэ. ХьатІыгуныкъуэм и лІыкІуэхэм ящІыгъуу абдежми Іэ щытрадзащ Къырым Республикэмрэ Севастополь къалэмрэ Урысей Федерацэм кьыхэгъахьэжьыным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦Белоруссием и къэрал КІуэцІ дзэхэм я махуэщ

♦1662 гъэм Париж дунейм щыяпэу лэжьэн щыщІидзащ жылагъуэ транспортым, «омнибус»-кІэ зэджэм. Ар щІыхуи 8 зэуэ зэрыхъэ, щхьэ зытелъ, къэуфыхьа шыгу зэщІэщІ.

♦1871 гъэм Франджым Париж коммунэр щыщІыдзащ зэрагъэпэщащ.

♦1892 гъэм США-мрэ Канадэмрэ я хоккей командэ нэхъыфІэхэм хуагъэфащэ саугъэтыр - Стэнли и Кубокыр - ягъуэващ.

♦1913 гъэм Налшык къыщІэзІуахащ округым и лъэпкъхэм я І съездыр.

♦1931 гъэм США-м къыщыщІагъэкІыу щІадзащ электрокъарукІэ лажьэ жьакІэупсыр.

♦1965 гъэм СССР-м и летчик-космонавт Леонов Алексей «Восход-2» кхъуэхым икІри, хьэрш зэІуХам япэ дыдэу хихьащ.

♦1980 гъэм «Восход-2М» ракетэр Плесецк космодромым щаутІыпщыным щыхуагъэхьэзырым къэуащ, абы мафІэсышхуи кІишащ. А насыпыншагъэм щыху 48-рэ хэкІуэдащ, 40-м щІигъум фэбжьышхуэхэр хахауэ щытащ.

♦Урыс композитор щІэрыІу

● Лъэпкъ Іуэху

Къэбэрдей-Балъкъэрым и библиотекэ нэхъыщхьэм адыгэбзэмкІэ диктант щатх

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ къэрал лъэпкъ библиотекэр иджы илъэс ещанэ хъуауэ хэтщ адыгэбзэкІэ диктант егъэтхыныж теухуа дунейпсо акцэм. Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлІэу ар гъэ къэс къыззрегъэпэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм.

А ІУЭХУР хуэгъэпсащ адыгэбзэм и пщІэр нэхъри къэІэтыным, цІыхухэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным, блэкІар ящымыгъэгупщэным, щІэблэр я анэдэлъхубзэм дегъэхьэхыным, къызыхэкІа лъэпкъым и щэнхабзэр ихъумэжыным, ар игъэбгъуэным хуэущиным.

Гъатхэпэм и 12-м библиотекэм къыщыхэхуэсат я ныбжьыкІи я Іэщ Іагъэкли зэхуэмыдэ цІыху куэд, адыгэбзэмкІэ щІэныгъуэ ябгъэдалъыр зыхуэдэр ящапщытэжьин мурад яІэу. Зэрыгуры Іуэгъуэщи, я анэдэлъхубзэр фІыуэ зэралъагъурщ, абы и къэкІуэнум зэрирГэпІейтейрщ ахэр мы Іуэхум къыхэзышар.

Диктантым ирихьэлІэу библиотекэм къыщыдзэрагъэпэщат «Си бзэр си дунейщ» зыфІаща тхыльэ гъэлъэгуэныгъэ гъэщІэгъуэн. Дапхэхэм телт анэдэлъхубзэр зэрырагъэдж методикэхэр, адыгэхэм я литературэр къызэрежьам, Іуэрыіуатэм ятеуха тхыльхэр, адыгэ тхакІуэхэм, усакІуэхэм я Іэдакъэщі экІхэр зэрытхэр. Диктантым щІидзэн и пэ къихуэу цІыхухэр афІэтхэщІэгъуэну еплъащ а выставкэм.

Адыгэбзэм и махуэмкІэ ехъуэхъуу, диктантым зэрыхэтым папщІэ фІыщІэ яхуищІу Іуэху цІыхьэпэм зыкъРезыгъэхьэлІакэм захуигъэзащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ Мухьэмэд. Абы къыхуриджащ адыгэбзэр хьумэным, абы зиужьыным хуэунэтІауэ щхьэж хуэзфІэкІ къимыгъэнэну, я тхыдэр, лъэпкъым къыдекІуэкІ хьыбарыжьхэр, Іуэрыіуатэр зыщамыгъэгъупщэну, адыгэ тхакІуэхэм я Іэдакъэщі экІхэм еджэну.

Хьэфыщ Мухьэмэд пэшым щІэсхэр щыгъуазэ ищІащ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» лъэпкъ газетхэм я зи чэзу номер зэхэтыр Адыгэбзэмрэ адыгэ тхыбзэмрэ я махуэм зэрыхуагъэпсар. Апхуэдэуи ар цІыхухэм ядэгугъэшащ адыгэ лъэпкъым къыхэкІа цІыху щ.джащэхэм, зи щІэныгъэкІэ, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм хъыщахьа ехъулІэныгъэ лъагэкІэ дуней псом цІэрыІуэ щыхьуэхэм ятеуха щІэнгъуазэ мыгувэу къызэрыдэкІынумкІэ.

Псоми ехьулІэныгъэ яІэну ехъэхъури, акцэр къызэІуихащ Хьэфыщ Іэм. Нэхъыжьыфым и псалъэхэр гунэс ящыхьуауэ, диктантыр щыуагъэшэу зэратхыным яужь ихьащ къекІуэлІахэр. А махуэм къызэджар адыгэ тхакІуэ, литературовед, критик цІэрыІуэ Къэрмокъуэ Хьэмид «Нэгумэ Шорэрэ адыгэ Іуэрыіуатэмрэ» зыфІища и тхыгъэрщ.

Апхуэдэ Іуэхуэкэ егъэкІуэкІыныр, шэч хэмылъу, хуэщхьэпэнущ адыгэбзэр джыным цІыху нэхъыбэ дегъэхьэныным. А бзэрщ лъэпкъым ди зэманым къихьэса щэнхабзэр, тхыдэр, и хабзэхэр хьумэнымкІэ щІэгъэкъуэну иІар, дяпэкІи иІэнур.

Апхуэдэ дыдэ акцэ КъБКъУ-ми щекІуэкІащ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент Сэхъурокъуэ Хьэутий хэту.

ЕМУЗ Анатолий,
Мэлбахъуэ Т. Къу. и цІэр зезыхьэ къэрал лъэпкъ библиотекэм и унафэщІ.

● Фэеплъ

Гукъэкіыжхэр псэуху

Си егъэджакІуэ, си ущиякІуэ, си ныбжьэгъу нэхъыжьыфІ Битокъу Владимир Тіиф и къуэм блэкІа зэманым иту сызэрытепсэлъыхьым щхьэкІэ си гур къуэузыкІ.

И НЫБЖЬЫР илъэс 83-м иту 2020 гъэм накъыгъэм и 1-м Битокъур дунейм ехьжами, «хэт сыткІэ си сэбэпынагъ езгъэкІын» жиІэу иджыпстуи кьытхэтым хуэдэщ ар. Дэтхэнэми и гукъеуэр езым ейм хуэдэу зыхищІэрт абы. Владимир дэтлъэгъуа гуапагъымрэ хабзэмрэ Іэфіу ди гум кьинэжащ дэтхэнэ зыми.

Лэскэн щІыналъэм хиубыдэ Урыху къуажэм дэс мэкъумэшыщІэ унагуэм 1937 гъэм шыщхьэуІум и 5-м къыщалъхуащ Битокъур. Школри КъБэбэрдей-Балъкъэр къэрал университети ехьулІэныгъэкІэ къиуха нэужь, Новосибирск щІыпІэм хиубыдэ Чулым щІыналъэм ягъэкІащ щылэжьэну. Б-Никольск дэт школым и унафэщІым и къэдзэну лэжьэн щІидзащ Битокъум, иужькІэ унафэщІ къалэныр и пщэ далъхьэри, илъэситхукІэ а къулыкъум пэрытащ. ИтІанэ КъзбэрдейБалъкъэрым кьиГъэзэжри, Къэхъун дэт школым физикэмкІэ егъэджакІуэу лэжьыгъэм щыпищащ 1965 гъэм. ИужькІэ КъБКъУ-м и аспирантурэм щІэтІысхьэри, неорганическэ химиемкІэ и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ. 1969 гъэм аспирантурэр къиухри, и диссертацэр Ярославль къалэм щыпхигъэкІащ икІи химие щІэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

1970 гъэм щегъэжьауэ 2015 гъэ пщІондэ ар лэжьащ КъБКъУ-м органическэ биологиемрэ химиемкІэ и кафедрэм и ассистенту, доценту, деканым и къуэдзэу. ИужькІэ химиемкІэ факультетым и декану лэжьащ.

Битокъум сыт щыгъуи и кьалэн нэхъыщхьэу кьиІыьтэу щытащ цІыхум зыщІигъэкъуэныр. Жэщ-махуэ иІакъым, и кьарум зы сыхьэт щысхьакъым ар цІыхум сэбэп хуэхъун папщІэ. Сыт хуэдэ ныбжьым итми, сыт хуэдэ хьэл-щэн зыхэлъми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ къахуигъэтэфырт Владимир. КьищынэмыщІауэ, езым и егъэджакІуэу, ущиякІуэу щытахэр зэи щыгъупщакъым. Абыхэм я гугъу дэри куэдрэ кьытхуищІу щытащ. Сэ срогушхуэ Битокъум и гум фІыкІэ кьэкІыжу щытахэм физикэмрэ математикэмкІэ егъэджакІуэу Урыху школым щылэжьа си адэ Блий Григорий Борис и къуэр зэращыщым.

Владимир икІи егъэджакІуэ ткІийт. Студентхэм ядильагъуну зыхуэй щІэныгъэ нэсыр ябгъэдилъхьэн щхьэкІэ абы еш ищІэртэкъым. Сэ си щхьэр къызощтэри, гуапэу си гум кьинэжащ Орджоникидзе къалэм дэта Бгырыс мэкъумэш институтым и агрономие факультетым си кандидат дисертацэр щыщІыпхьизгъэкІынум, зыкъысщІигъэкъуэн щхьэкІэ Битокъур абы нэс нэкІуауэ зэрыщытар. Битокъум и студенту щытахэм кьахэкІащ щІэныгъэлІ куэд. Абыхэм ящыщ щІэныгъэлІ зыбжанэм сащыдэлэжьащ КъБР-м и «Россельхозцентр»-м и къудамэм.

Битокъум и Іэдакъэ щыщІэкІащ лэжьыгъэ купщІафІэ куэд, КъБКъУ-м и зыужьныигъэми и гуащІэшхуэ хилъхьащ абы.

Схужьіэнукъым Битокъум и гъащІэ гъэзуанэр тынш защІэу щытауэ. Дауи, ар Іущ.Іащ гугъуехь куэдым, ауэ ящыхьэми ар къиГъэдэхакъым, атІэ, шыІэныгъэ хэлъу, лъэпощхьэпо псори Іэщ.Іыб ищІурэ ипэкІэ кІуэтащ.

ЦІыхум теухуа гукъэкІыжхэр псэуху цІыхури псэущ, - жаІэ. Си закъуэкъым Битокъур зи гум фІыкІэ кьинар, атІэ, си шэч лъэпкъ кьытесхьэркъым абы иригъэджа дэтхэнэ зыми а цІыху щыпкъэм далъэгъуа гуапагъэ псори зэращымыгъупщам.

БЛИЙ Станислав,
КъБКъМУ-м и проректор, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

● Республикэм и щІыналъэхэм

Бахъсэн сэгъуэм зыщцыхуагъэхьэзыр

Урысей мэкъумэш центрым и къудамэу КъБР-м щыІэм и Бахъсэн щІыналъэ къудамэм и ІэщІагъэлІхэм къащцытэ 2020 гъэм кърахьэлІэжа гъавэм щыщу жылапхъэу ягъэтІылъахэм я фІагъыр.

МУНИЦИПАЛИТЕТЫМ и щІыналъэхэм я мэкъумэш Іуэхущ.Іапіэхэм нобэм ирихьэлІэу яІэщ жылэ тонн мин 15 - ар хьэуэ, зэнтхъыу, нартыхъу, сэхурану, соеу ГъатхэМ хасэну зыхуеинум и процент 93,6-рэ мэхъу.

Къапщыта жылэ псори ГОСТ мардэм йозагъэ. А лэжьыгъэм иджыри пащэ.

ЦІыху зэхуэсыпІэхэр зэІуэзэпэщ ящІынущ

Прохладнэ щІыналъэм лъэпкъ проектым хьыхьэу къуажхэм щрагъэкІуэкІынущ я уэрамхэр, абыхэм щылажьэ Іуэхущ.Іапіэхэр зэІуэзэпэщ щІыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр.

2021 ГЪЭМ Алтэд, Дальнэ, Заречнэ, Степное, Янтарнэ, Комсомольскэ жылэхэм я цІыху зэхуэсыпІэхэр зыхуей хуагъэзэну хагъэхьащ лъэпкъ проектым. Нэхъ зыкІэлъыІэбэн хуейуэ кьалъытэ щІыпІэхэр жылэхэм щыпсэуэхэр зэгурыІуэри, езыхэм кьагъэнэІуащ.

● Гъэсэныгъэ

Зэхуэзэ купщІафІэхэм пащэ

Хабзэ хъуауэ, «Урысеймэкъумэш-банкым» и лэжьакІуэхэр хьащІэу яхуокІуэ ди республикэм и еджапІэхэм, сабий садхэм я гъэсэнхэм. Нэхъапэ Іуэкіэ кьыхалъхьауэ щыта «Дызэгъусэу щІыуэпсри тхъумэнщ» социально-экологие акцэм хиубыдэу, РСХБ Іэнатіэм и Іэщ.Іагъэ.Іэхэм ныбжьыщІэхэм гу лърагъатэ дыкъэзыухъурееихь дуней дахэр зэрыхъугъуэфІыгъуэ иным, ар хъумэнри дэтхэнэми ди кьалэну зэрыщытым.

ЦІЫУЭПСЫР хъумэн зэрыхуейм епха Іуэху щхьэпэхэр ирагъэкІуэкІын мурадыр яІэу, РСХБ-м КъБР-м щиІэ Іэнатіэм корпоратив сату лІэужьыгъуэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Егъэн Ислъамрэ банкым Нарткъалэ щиІэ къудамэм и пашэ Хьэбжокъуэ Алимрэ иджыблагъэ щыІащ а кьалэм дэт «Нэмыс» сабий садым. Хьэщ.Іэхэр цІыкІухэм яхутепсэлъыхьащ щІыуэпсым и мыхьэнэмрэ ар хъумэн зэрыхуейм рэ.

- ЦІыкІухэ, дыкъэзыухъурееихь дуней дахэмкІэ Тхьэр кьытхуэупсащи, абы и кьабзагъэр хъумэныр ди кьалэнщ дэтхэнэми. Зыщцыдгъэгъупщэ хъунукъым цІыхур езыр а щІыуэпсым и Іыхьэу зэрыщытыр, ар гурэ псэкІэ зыхэтщІэмэ, абы кьытхуигъэтІылъ хьугуэфІыгъуэ псори нэсу кьэдгъэсэбэпыфынущ, - къыхигъэщащ кьыщцыпсалъэм Егъэн Ислъам. - Фи гъэсакІуэхэм къызэрыджаІамкІэ, фэ фІыуэ фолъагъу щІыуэпсыр: ар пхъэнкІий идзынІэ фщІыркъым, жыг кьудамэхэр кьыпызыщІыкІхэм, удз гъаГъэхэр зэрыт утыку цІыкІухэр зыутэхэм фащыщкъым. Хуабжьу ди гуапэщ ар.

А псалъэ гуапэхэр зэхэзыха сабийхэм я зэфІэкІхэр щагъэлъэгъуащ хьащІэхэм я пащхьэм. Ахэр усэ цІыкІухэм кьеджащ, уэрэдхэр жаІащ, теплъэгъуэ кІэщІхэр яГъэлъэгъуащ. ЩІыуэпсым теухуа кьуажэхьхэр къэщІэным яфІэхьэлэмэту хэтащ банкым и Іэщ.Іагъэлі эхэр. Дэтхэнэми иІэт а махуэм ирихьэлІэу ищІа сурэтыр, щхъуантІагъэ дахэ гуэр зэрытыр.

Апхуэдэу щІыуэпсым цІыху гъащІэм щиубыд увыпІэмрэ ар хъумэн зэрыхуейм рэ тепсэлъыхьа нэужь, абыхэм сабийхэм хуагуэшащ «Урысеймэкъумэш-банкым» и логотипыр, РСХБ хьэрфхэр зытет икІи щыгулъ зэрылъ кхъущІи цІыкІухэмрэ абыхэм хасэну удз лІэужьыгъэхэм я жылэхэмрэ. Хьэщ.Іэхэр я дэІэпыкъуэгъуу сабийхэм хасащ жылэкэр.

Зэхуэзэ гуапэм и кІэухыу хьащІэхэр сабий садым и гъэсэнхэм яхуэупсащ Іэфі кІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ, саугъэт цІыкІухэмкІэ.

- ЩІыуэпсыр фІыуэ зылъагъу, ар зыхъумэфыну щІэблэ кьызэрытщІэхъуэмкІэ гугъэфІхэр диІэ мэхъу, ди банкым и Іэщ.Іагъэлікэм и ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм щыгъуазэ зыщцыхуэтщІкІэ, - и нэІэм щІэтхэм зэфІэх лэжьыгъэмкІэ арэзыуэ жеІэ «Урысеймэкъумэшбанкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и унафэщІ Сокъур Алим. - Гу зэІухакІэ щІыуэпсым хущІ а сабийхэм къэзыухъуреихь дунейм папщІэ жэуаплныгъэ зыхэзэщІэ цІыху щыпкъэ, хэкупсэ кьаззрищІыкІынум шэч хэлъкъым.

КЪАРДЭН Маритэ.

ПшэкІэплъ

● Псалъэзэбгъдэз

ЕкІуэкІыу: **1.** Мывэ цІуугъэнэ лъапІэ. **7.** Къуалэбзур зыІэт. **8.** Быным и дежкІэ анэр къызыхэкІа унагуэр. **10.** Зилри зи дагъэри хущхъуэу ябж губгъуэ псэущхьэ. **11.** Щхьэл мывэр зыфІадзэ, зыгъэджэрэз. **12.** Сабийр зэрыхапхэ кІапсэ. **14.** Зэрытхэ Іэмэпсымэ. **18.** Щыгъын щІагъым щІадэ. **20.** Сыхьэт е медальон зэрыкІэращІэ. **21.** Шабзэм щыщ Іыхьэ. **22.** Псы, гъэш зэрызэрахьэ. **23.** Адыгэ усакІуэ. **25.** Нысэр къызыхэкІа унагъуэ. **26.** Іэщ зэрыІыгъ, гупышхуэ. **27.** Америкэ Илщэм щыІэ бгы. **29.** ЩІэкІуэ кІапэ зэдытеуваХэм ялэ уэгъуэр зыльысыр. **31.** Хадэхэкі. **33.** Тхъэвыр зэраху Іэмэпсымэ. **35.** Пщэдджьжьыпэм нэмысипа зэман. **36.** Зыгуэрым ирауХылІэ зэман. **39.** Къыптралъхьэу уагъэпшын тезыр. **40.** ЦІыхубзхэм хуабжьу зызэрагъэлІалІэ. **41.** Хьэлыуэ бзыгъэ. **43.** ЦІыхухъуцІэ. **47.** Щыгъын. **49.** ЦІыхубзхэми цІыхухъухэми щатІагъэ щыгъынигъуэ. **51.** Германием и къуэ медальон зэрыкІэращІэ. **54.** Адыгэ щхьэнгъуэ. **56.** Пхъэ зэракъутэ Іэмэпсымэ. **57.** ЩІхьэм и лъагапІэ дыдэ. **58.** Быи зиІэ цІыхухъу. **59.** Унагъуэ Іэщ. **60.** Анэшхэм сабийр зэреджэ. **62.** ГъущІыкІэ лъапІэ щІуугъэнэ. **64.** Уи гум фІэфі, умыужэгъу. **65.** Шууейм кьигъэсэбэп Іэмэпсымэ. **66.** Щынэ зымыщІэ, кьимыкІуэт. **71.** Адыгэ театрым щыджэгуа артисткэ цІэрыІуэ. **74.** ЩхьэгъуэсэМ и щыпхъу. **76.** Зэманыр кьэзыгъэлъагъуэ. **77.** ЦІыхубз пшэрыхьэ... **78.** ГуфІэгъуэ зиІэм хуашэ Іэщ. **79.** Фочым щыщ Іыхьэ. **80.** Жыг лІэужьыгъуэ.

Къехьху: **1.** ЦІыхубзыщІэ. **2.** Кърым хъаным и пелуаным текІуа адыгэ цІыхубз. **3.** Іэщым традзэ дамыгъэ. **4.** ЩІхьэгъубжэ щыхалъхьэкІэ кьагъэсэбэп Іэмэпсымэ. **5.** ПамыупщІу гъэ ежьа уда. **6.** Адыгэ цІыхубз тхакІуэ, егъэджакІуэ. **7.** Іэуэлъауэ макъ. **9.** ХьэпІацІэм кьилэжь щхьКІ лъапІэ. **12.** Іэлъэщ.Іэ лІэужьыгъуэ. **13.** Кьабзэу, щІыІэу щым кьэщІэж. **15.** Адыгэ кьуажэ. **16.** МазэцІэ. **17.** Ставрополь крайм щыІэ зыгъэпсэхупІэ кьалэ. **19.** Нэхущым уафэ джабэм кьыщицІ плъыжьыгъэ. **22.** Хъыджэбз. **24.** Зи нэкІум плъыжьыгъэ щІэт. **28.** Нэхущым кьищІ. **30.** Уэн, псэуалъэ щІыныр зи Іэщ.Іагъэ. **32.** Быи зиІэ цІыхубз. **34.** Зытхар кьызэращІэ тхэкІэ щхьэхуэ. **37.** Адыгэ театрым щыджэгуа артисткэ цІэрыІуэ. **38.** Сабийм хуэщІалъхьэ тепІэнщІэлъын. **42.** Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь адыгэ цІыхубз. **44.** Іэнэхъуамбэ пщалъэ. **45.** Башкирием и кьалащхьэ. **46.** ПаупщІу яГъэГуа удз. **48.** Кьамылым кьыхэщІыкІа алэрыбгъу. **50.** Адыгэм щІэныгъэ игъэутыным щІэхъуэпсу щыта адыгэлІ. **51.** Сабий быдзафэ. **52.** Зы плъыфэу зэхэт. **53.** Быи мыхъумыщІэр зыдэмыкІыр адэ-анэм и сыт? **55.** Іуэрыіуатэм кьыхэщ цІыхубз Іущ. **61.** Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу льэпкъ. **63.** Гуп гуэрым дежкІэ хамэ. **67.** ГъатхэМ кьэльэтэж кьуалэбзу. **68.** Фадэр куэдрэ щытмэ, мэжабзэ, щІыхубзыр куэдрэ дэсмэ... **69.** Мэл лъхуэнпІэныр щаІыгъ псэуалъэ. **70.** ДзитІ щыІэпэуВа щІыпІэ. **72.** Тауры хъэм хэт щІыху абрагъуэ. **73.** Щэкі пычахуэ. **74.** КъэкІыгъэр удзыжьым кьыщыІэщІагъэкІ зэман. **75.** Бэм кьахэжаныкІ.

Зыгъэхьэзырар
ПСЭУН Жыраслъэнщ.

«Пшы» - «Псы»

● ЩІыпІэцІэхэр

Адыгэхэм я Хэжьжьу щыт Ищхьэрэ-Къухьэпі э Кавказым и псыежьхэм яхэтщ зэреджэм «пшы» псалъэпкъ зыхэуХуэнахэри.

«ПСЫ ЕЖЭХ» мыхьэнэ иІэу абхъазыбзэм кьыхэна «пш» псалъэпкъым хуэдэ нэхъапэхэм адыгэбзэми хэтауэ кьэтмыытэмэ, мы ди тхыгъэр зэхьэлІа щІыпІэцІэм хуэкІуэу, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор КІуэкІуэ Джэмалдин «Черкесская топонимика» и тхылым кьыщигъэлъэгъуа щапхъэхэр гъэщІэгъуэнщ. Абыхэм ящыщ зыбжанэ мыбдежым кьыщытхьынщ.

«Пщыхьэ» - псыцІэщ. Мэзылъэ Іащ.Іыхэр кьызэринэкІыу тафэм кьытехуха Щхьэгуащэ ищхъэрэкъухьэпІэмкІэ кьыщыхэльадэ псыхэм я нэхъ инщ. «Пшышъхьа» псалъэри абы кьытехуькІащ, и мыхьэнэкІэ «псым и щхьэ» - жыхуиІэщ.

«Пшиш» («Пщыщ» - кІахэ, «Пшышэ» - кьэбэрдей) - Псыжь сэмэгу лъэныкъуэмкІэ щыхэпъэдэж псыщ.

«Адыгэ Іуэрыіуатэхэр» тхылъым, Налшык къалэ 1968 гъэм кьышыдэкІам, ущрохьэлІэ «Пышыжь» псалъэм, «Пышшэ и кІуапІэжь, ар зыдэту щыта ныджжь» мыхьэнэхэр къызэрыкІым. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІи, къызэтепщыкІар ищхьэкІэ зи гугъу тщІа псыцІэращ.

«Пшыз» - кІахэ адыгэхэр Псыжь (Кубань) зэреджэр апхуэдэущ. Жьпіа псоми къадэкІуэу, мы фІэщыгъэм дызригъэгупсысаращ: «Ярэби, абы и цІэр «псы изу зэрыт» жыхуиІэм кьытемыпщІыкІауэ пІэрэ?»

Гъэщ.Іэгъуэнщ, абхъазхэм кьагъэсэбэп «пшап» псалъэр адыгэхэм «псыпэ» зыхужьітІар зэрыращаРи. Уеблэмэ, къызэрыщыхутар уэ кьащІэ, ауэ, «пша» псалъэпкъыр курыхьэм я бзэми хэтщ, «псы кІантІэ», «псынэ кьибырГыкІ» мыхьэнэхэм щыхуагъакІуэу.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ТАБЫЩ Муратщ**

Щхьэгъусэ зэрагъасэм и хъыбар

● Гъэсэпэтхыдэ

Зы лІыжь гъэзгу здытетым зы щІалэ къыльэщІыхьащ.

- Гъэзгужь апщий, тхьэмадэ! - жиІэри лІыжьым бгъурыуващ щІалэр.

- Тхьэм и щІасэ ухъу, - жиІащ лІыжьым, абы къыфІигъэкІакъым, зы теузгъуэ якІуху: щІалэр игъэунэхуну триубыдат.

- Дэнэ укъикІрэ, дэнэ укІуэрэ? - еупщІащ лІыжьыр щІалэм. КъыздикІыр жриІэри, здэкІуэр ибзыщІащ щІалэм.

- АтІэ сыт щыхъыбар фи дежкІэ? - щІэупщІащ лІыжьыр.

ЛІыжьым и жьакІэ ныкъэтхъум еплъри, щІалэм жиІащ:

- Жьыр яІэщІэкІащ, щІэр уи жьакІэм хуэдэщ.

Ар зэхищІыкІакъым лІыжьым. Заул дэкІри, щІалэм къыпидзащ:

- Уа, тхьэмадэ, узытесым уепсыхрэ уи Іэдэжым ушэсырхъэ?

Абы къикІри къыгурыІуакъым лІыжьым:

- Шы Іэдэж сыгъкъым, гъэзгу сыкъызэрытехьэрэ зышІ сызытесыр.

- Гъэзгум пкІэлъей къебдзырхъэ-тІэ, - жиІащ щІалэм. ЩІалэр игъэунэхуну триубыдати, ари къыгурымыІуауэ фэ зытригъэуащ лІыжьым:

- ЛьатэпскІэ си уанэм епхауэ пкІэлъей къыздесхьэкІыркъым, - жиІэри.

Я жьлэ нэблэгъэжауэ, лІыжьым щІалэр мэлыхъуэ пщыІэ тришащ.

- Мыр си пщыІэщ, мор си хъушэщ, - жиІащ лІыжьым. ЩІалэм зы псальи къыпидзыжакъым. Мэлыхъуэ пщыІэм къыблишри, нэгъэущІ зы пщыи тришащ щІалэр.

- Мыри си пщыІэщ, мор си шыбз гуартэщ, - жиІащ лІыжьым.

Абдежми зы псалъэ къыпидзыжакъым щІалэм.

ЛІыжьыр зэгуэпащ, щІалэр пщыІэм къытришыжри, гъэзгу техьэжащ, я жьлэ дыхьэжри, зы кузбжэ деж щепсыхащ.

- Сэ сыкъэсэжащ, - жиІащ лІыжьым.- Ныжэбэ ущыхьэщІэн уи хэгъэрей дэс ди жьлэ?

- Уэ удэскъэ? Уи хьэщІэщ сихьэнщ, - жиІэри щІалэр епсыхащ, лІыжьыр дигъэхьэжри, езыр хьэщІэщым ихьащ.

ЛІыжьыр унэм ихьэжри и унэгъащэм еджащ.

- Зы щІалэ гъэзгум гъусэ къыщысхуэхъури сигъэбэмпІащ, си ужь икІакъым, ди іэщым къихьэуэ ясщІ,-жриІащ щхьэгъусэм.

- Сыт уигу щІебгъар? - къеупщІащ лІым цІыхубзыр.

- Сигу ебгъэнкъэ: «Фи дежкІэ сыт щыхъыбар?» жысІэри сеупщІати, «Жьыр яІэщІэкІащ, щІэр уи жьакІэм хуэдэщ» жиІэри къэзэщащ. КъригъэкІар къызгурыІуакъым.

- Мылыфрэ хъуныщІэрэ зэщІэльэдауэ ди Іэщым яшх - аращ къригъэкІар, - жиІащ унэгуащэм. - НэгъуэщІ сыт къыбжиІа?

- «Узытесым уепсыхрэ уи Іэдэжым ушэсырхъэ» къызджиІащ, шы Іэдэж зэрызмыыгъэр ильагъурэ пэт.

- ЩІалэм и Іуэгум уэ утетт, езыр пхафэм хэтурэ къапшэрти, аращ къыуидзар. НэгъуэщІ къыбжиІакъэ?

- КъызжиІакъым. ПщыІэм тесшэри, ди мэл хъушэри ди шыбз гуартэри езгъэлъэгъуати, зы псалъэ къыпидзакъым... Зы псалъэ къыпидзамэ, зыхуейм хуэдиз пысхунурэ естынут, - жиІащ лІыжьым.

- Іэщ щхьэкІэ къэжьакъым- аращ псалъэ къыщІыпимыдзыжар.

- ЖьлІэр пэжмэ, ди хьэщІэм акъыл иІэщ, псэлъыхъу къежьагъэнщи, и нэ къыфІэнэр едгъэшэнщи, едгъэжьэжынщ, - жиІэри унафэ ищІащ лІыжьым. ЖьлІэм джэгу дэтти, къэщІэр абы иригъэшащ. Джэгум яхэплъэри, щІалэм зы пщащэ къыхихащ:

- Ар хъункъым, - къыжраІащ щІалэм. - Нэхъ самплэиныхьэ ди къуажэ кІыхьым дэскъым, псалъэ хэзагъэркъым, сэхъуащ - ущІегъуэжынщ.

- НэгъуэщІ сыхуейкъым,- икІуэтыжакъым щІалэр.

ЩІалэр хэгъэрей зыхуэхъуа лІыжьым ипхъут пщащэр. ЛІыжьым деж кІуэри жраІащ.

- Ар хъункъым, - идакъым лІым.- Си пхъур фцІыхужыркъэ фэ: ди напэр трихынущ, зэрысэхъуари зэрыжьІэмыдаІуэри фощІэ, апхуэдэ хуэфащэкъым а щІалэм - фэфІ еспІащ.

Къащыпиубыдым, лІыжьым и пхъур щІалэм иратащ:

- УщІемыгъуэж, - жаІэри.

ЩІалэр гъэзгу техьэжащ, пщащэр и шыпІэ дигъэтІысхьэри. Я жьлэ нэблэгъэжауэ, шыр къыжьэдикъуэри епсыхащ щІалэр, пщащэри шыпІэм къыдихащ.

- СыкъыщІэжьэм къапхъэн згъэуващи, абы сеплъыху, мыбдеж щыт, - жриІащ пщащэм, шым и пащІэри хуиІуэнтІащ. - Мэзым сыкъыхэкІыжьыху, зыбгъэхъеинщи, гъэзгум укъытезнэнщ, хьэм яшхыжьын! - жиІэри.

ЩІалэр мэзым хьыхащ. Шыр и пІэ изэгъэнт: хъуным хуэвэри ІукІуэтащ. Къапхъэным еплъри, щІалэр мэзым къыхэкІыжащ, шыр ІукІуэтауэ щилъагъум, щІэгубжащ:

- Зумыгъэхъеі бжеСІатэкъэ! - жиІэри. Уанэр трихри, шым щдпъахъэ ирилъхьащ.- УкъыщхьэмыдзыгъакІэ, хьэм уезгъэшхьжьынщ, гъэзгум укъытезнэнщи. - Уанэр и плІэм ирилъхьэри, щІалэр пщащэм еджащ. - Си ужь ниувэ, зыкъыскІэрумыгъэху. ЗыкъыскІэрыбгъэхумэ, си шым и махуэр къыпхуэкІуэнущ.

Я куэбжэм нэсыжауэ, щІалэр къэувыІащ:

- Мы пщІантІэм зы хьэжь къыдзэнэри сынежьащ, ныбэм къигъэдзыхауэ къыщІэкІри гъыуэ къыспежьэмэ, и пІэ къизгъэкІынкъым.

Ар жиІэри, куэбжэр Іуигхащ. Хьэжь ныбеджэри гъыуэ ду лъабжьэм къыщІэпщащ.

- Махуищ пхузмышэчауэ ара! - жиІэри щІалэм хьэр иукІащ.

«Гъэзгум сыкъытринакъыми, зыгуэр хъунщ. Утыкур субыдмэ, си джатэр къисхынщ», - жиІэри зиущэхуати, щІалэм хьэр щиуикІым, пщащэм и псэр ІукІащ: «Хьэ хей щиуикІакІэ, фыз хей еплъынкъым мы слъагъур», - жиІэри.

ПщэфІапІэм гуэгуэн къыщІихащ щІалэм:

- Мыр зищысыр пщІэрэ, дахэ?

- СощІэ, сощІэ! Сыт щІэзмыщІэр: псыхъэ сыкъикІыжмэ, жэмыр зэрысшынури сызэрыпщэфІэнури сощІэ, - жиІащ пщащэм, къэгуэзаэри.

- А псор пщІэуэ, дэнэ ущапІа уэ? - жиІащ щІалэм.

Гуэгуэныр къищтэри, пщащэр псыхъэ кІуащ...

Зы илъэс дигъэкІри, лІыжьыр и пхъум къылъыгъэзащ. И пхъур бжьэхуцым хуэдэу щабэу, щынэм хуэдэу Іэсэу, ужьым хуэдэу жаІуауэ кІрихьэлІащ лІыжьыр. И малъхъэм деж маХуэ бжыгъэ къыщыхьэщІэри, игу зэгъауэ ежьэжащ.

Дыгъужь анэжьым и гъыбзэ

1. Уэгуурэ, уэгуурэ симымыхьэ, у-у-у,
УитІ и махуэ си хьэлт, у-у-у,
Пшагъуэ сэтІ махуэм соущэ, у-у-у,
2. Жанситхэ мэлым сокІуащэ, у-у-у,
Алъгудхэ мэлым сощакІуэ, у-у-у,
Щынахъуэ щІалэм сыІуощІэ.
3. ЩІынахъуэ щІалэр згъэжей, у-у-у,
Щынэхъуэ жеяхэм сахыхьи, у-у-у,
Щынэхъу пшэри къахэсхщ.
4. Къуацэ лъабжьэр зэгъуэкІти,
есхьэкІи, у-у-у,
Пщафэм къыщысубли, у-у-у,
КІафэм сыщынэсым, у-у-у,
5. Дзыгъуэ цІыкІум къигъэсыси, у-у-у,
Бзу фІыщІэжьыр къыхэлъэти, у-у-у,
КъэщтэкІейуэ сыкъигъащтэщ.
6. БгъунлъэкІейуэ сыщыбгъунлъэм, у-у-у,
Альтудхэ мащэр тІагъэхэт, у-у-у,
Мащэ кууужьым сищатэщ.
7. И щІэм соплъри сынэскъым, у-у-у,
Зыкъыдызодзейри сыкъикІкъым, у-у-у,
Мы мащэ бзаджэм сизыхьыжым, у-у-у,
И лъэпкъ сымышхьыжыну тхьэ хуэсІуэнт!
8. Хьэурэ, хьэурэ сокъугъри, у-у-у,
Си къугъ макъ бажжьь цІыкІум зэхех, у-у-у,
КъакІуэм-къэущурэ къынос, у-у-у,
Лъапэ зресэри къодаІуэ:
9. Мэзым щІэт псори дыззэшкъэ, у-у-у,
Уэрэ сэрэ зэкІэ зэкъуэ-зэш зыдгъэщІи, у-у-у,
Уи лъабэ дыщэкэр къэший, у-у-у,
Мы мащэ бзаджэм сихьыжи, у-у-у,
Уи лъэпкъ сымышхьыжыну тхьэ пхуэсІуэнщ!
10. - Ди анэм шырибгъу дыкъилъхуи, у-у-у,
Дзыгъуэ дещэу щэдж къуагъым дыкъуэту, у-у-у,
Уи кІэр бгъэсысу укъыкъуэкІи, у-у-у,
11. Ди лъакъуэ цІыкІуэр хуэзІэщІти, у-у-у,
Пабжьэ кІыным дыхэмыжьыфу, у-у-у,
Си къуэш-си шыпхъуу ир птхьэлащ!
12. Къэнэжа закъуэр сэращи, у-у-у,
Си ужьыр хьэджафэм зэрехуэ, у-у-у,
Си фэм дэжьигъэр щогугъыр, у-у-у,
А мащэ бзаджэм уилІыхь! -
ЖиІэри, бажэжь цІыкІур хэлъэдэжащ.

13. - ІукІ, ІукІ, ІукІ, бажэжь цІыкІу, у-у-у,
Си узыр ухьи укІуэж уэ, у-у-у,
Мы мащэ бзаджэм сыкъикІыжым, у-у-у,
Псом япэ уи фэр тесхьыр!
14. - Хьэурэ, хьэурэ сокъугъри, у-у-у,
Си къугъ макъ хьэджафэм зэхех, у-у-у,
КъакІуэм-къэущурэ къынос, у-у-у,
Лъапэ зресэри къодаІуэ:
15. - Си нэплъэ-Іуплъэр гуих, у-у-у,
ЛъэкІампІэм щІэзыхьыр зи плъэкІэ, у-у-у,
Зи тхьэкІумитІыр цыпащхъэ, у-у-у,
Щхъуэжь бзаджэу кІуэдын,
Сыт тхьэм урихьа мы мащэм бзаджэм?
16. - Уэркъ щауэхэм щІакІуэ щІагъкІэ
зэрашэ, у-у-у,
Къашэжьм Іэнэ щІагъым щІагъэс, у-у-у,
Хьэ зи цІэ псори дыззэшкъэ, у-у-у,
Мы мащэ бзаджэм сихьжи, у-у-у,
Уи лъэпкъ сымышхьыну тхьэ пхуэсІуэнщ!
17. - Ей, бзаджэжь, уэ къэбгъапцІэхэм
сащыщкъым сэ,
ЖиІэри, хьэджафэр, щакІуэти, мэзым
щІэлъэдэжащ.

18. - Хьэурэ, хьэурэ сокъугъ, у-у-у,
Си къугъ макъ жэмыжь зэхех, у-у-у,
КъакІуэм-къэущурэ къынос, у-у-у,
Лъапэ зресэри къодаІуэ:
19. - Си нэплъэ-Іуплъэр гуих, у-у-у,
ЛъэкІампІэр зыгъэзІэзыщІэр зи плъэкІэ, у-у-у,
Сыт тхьэм урихьа мы мащэ бзаджэм?!
20. - Си Іэшырыщхьэхэр зэтолІэ, у-у-у,
Мы мащэ бзаджэм сипхыжтэмэ, у-у-у,
Уи лъэпкъ сымышхьжыну тхьэ пхуэсІуэнт!
21. - Гъатхэм хъун кІырыр
сыбгъэхъукъым, у-у-у,
Бжьыхьэм си шкІэхъур сфыбошхыр, у-у-у,
А мащэ бзаджэм уилІыхь уэ! -
ЖиІэри, жэмыжьри хъуакІуэ ежьэжащ.
22. - ІукІ, ІукІ, ІукІ, жэмыжь, у-у-у,
Си ужьи укІуэж уэ, у-у-у,
Хьэжьхэм я шхыгъуи ухъуж уэ, у-у-у,
Мы мащэ бзаджэм сикІыжым, у-у-у,
Псом япэ уэ усшхынщ!
23. - Хьэурэ, хьэурэ сокъугъ, у-у-у,
Си къугъ макъ шыдыжь зэхех, у-у-у,
КъакІуэм-къэущурэ къынос, у-у-у,
Лъапэ зресэри къодаІуэ:
24. - Губгъуэм ит псори дыззэшкъэ, у-у-у,
Уэрэ сэрэ зэкІэ зэкъуэ-зэш зыдгъэщІи, у-у-у,
Мы мащэ бзаджэм сихьжи, у-у-у,
КуэнсапІэр щыкуэдым усшэнщ!
25. - Уэзрыхуа мащэ мыгъуэр куущэщ, у-у-у,
Дауэ мыгъуэ укъисхьыжьи, тхьэмыщкІэ, у-у-у,
26. Хьэлъэ-фІалъэ зибгъауэрэ, у-у-у,
Уи Іупэ щабэр къэпшийтэмэ, у-у-у,
Си хьэ дзапэфІанэ цІыкІуитІыр
хэзукІэнти, у-у-у,
СыхьэмкІэлауэурэ сипхыжынт.
27. Сыт мыгъуэр сщІэнт-тІэ, къакІуэ, - жиІэу, шыдыжьым и пэр щишийм, дыгъужьыжьыр къапхъуэщ, и дзэпэфІанэжьэр шыдыжьым и пэ щабэм хиукІэщ, мащэм ирилъафэри ишхащ. И куэпщхьэпащхьэхэр зэтрилъхьэри, къытеувэри къикІыжащ.
- Дзгъуэу зыкъзэгъэтхьэжщ! - жиІэри, мэзым щІэлъэдэжащ.

● ГушыІэ уэрэд

Къэбэрдей Хьэжрэтым щыІэ къуажэхэм я уэрэд

1. Я фызыжьхэм хужьгъэр ягъэгъурэ
Кхъужь гъэгъуар лъапІэу щащэхумэ -
Шэджэрей жьпІэркъэ!
2. Сэмэварыр кушэдагъавзэрэ,
ЛъхукъуэлІыр къыщивыкІамэ -
Абатэхьэблэ жьпІэркъэ!
3. Я щІалэхэм пыІэку кърашрэ,
Я пщащэхэр къру къишамэ -
ЛокъуажэцыкІыр жьпІэркъэ!
4. Я фызыжьхэр джэду мыгъасэрэ
Я пщащэхэр яшэн щІэбэгмэ -
Джэбэкъуей жьпІэркъэ!
5. Я ваКІуэхэр уи зырызыхэрэ
Зырызыхххэу къыдэлъэдэжмэ -
Къыльшкъуажэ жьпІэркъэ!
6. Я лІыжьхэр джыришкІий ныбэрэ
Я пщащэхэр къалмыкъ шей ныбэмэ -
Бат-Таула жьпІэркъэ!
7. Я уэрамхэр зэрыхуэебэ мыгъуэрэ
Я пщащэхэр шыбзыжь увыкІэмэ -
Ботэщей жьпІэркъэ!
8. Я лІыжьхэр пхъэ зэнджэрыкъурэ
Я пщащэхэм джабэр иракъэжІмэ -
Зеикъуэ жьпІэркъэ!
9. Я щІалэхэр пащІэ бзиилпрэ
Сахэплъэжмэ, си гур мэжьауэрэ -
Елбэргъэн жьпІэркъэ!
10. Я лІыжьхэр зэрышхэ
Я пщащэхэм ушэхьи къудеймэ -
Локъуажэ жьпІэркъэ!
11. Я лІыжьхэр тхъэрыІуэ ныбэрэ
Я пщащэхэр уи фэнд гъэпщамэ -
Къэсейхьэблэ жьпІэркъэ!
12. Куэзырыр щыізэблагъэжрэ
Нащхъуэжьыр щрагъэжхмэ -
Хьэгъунды къуей жьпІэркъэ!
13. Я щІалэхэр хьэзыр Іупэжрэ
Я пщащэхэр хуэмыжу щІэращІэмэ -
Алъэсчырей жьпІэркъэ!
14. Я хьэжьхэр уафэм щыкъугъэ
Я выжьхэм гъудэр иракъуэкІмэ -
Абыкъухьэблэ жьпІэркъэ!
15. Я щІалэхэр бдзы зэгъалъэрэ
Я пщащэхэр напэ зэлъамэ -
Дохъушыкъуей жьпІэркъэ!
16. Я щІалэхэр уи къэптал цІахуцІэрэ
Я пщащэхэр гу пщІанэ защІэмэ -
Тхьэстокъуей жьпІэркъэ!

Уэрэдыр зыусар Гъуащэ Сэлихьщ. Лъэпкъи-жэпкъи имыІэу, и щхьэ закъуэ-и лъакъуитІу къуажэ-къуажэхэм щыпІыщІэу Шэрджэс хэкур къыізэикІухьу и дунейр ихьащ абы. А къыздикІухьахэм къуажэхэм ядилъэгъуэ щыщІагъэхэр хилъхьэри, ауанышІ уэрэд яхуиусащ. Мы уэрэдым жьэм къемыкІу псалъэ зырыз хэтахэр нэхъ псалъэ щабэкІэ зэтхъэуэкІауэ тыдодзэ.



● Лыхъужь хъыбар

Ашабэ и къуэ Мышакъ

Кърым тэтэрхэм я дзэр зэтезыкъута зауэлІ хахуэхэм ящыщщ Ашабэ и къуэ Мышакъ. Ар Къэзанокъуэ Жэбагъы и къуажэгъу щытащ.

Къэзыуэтэжхэм абы и цІэр зэтемыхуэу жаІэ - Мышакъ, Минщакъ, Мыкіакъ, Къэшыдакъ, Къэлшыкъуэ. Хэти ар пщыуэ щытауэ, хэти пщылІу щытауэ жаІэ.

Абы фыз дахэ иІэт. Мышакъыр мэз кІыкІыжри, и щхьэгъусэр гъуэгуы щІэсу къырихьэлІэжащ.

- Къэзыуар сыт, хэт лІауэ бгъеиР? Хэт узыхьыр?

- Нобэ тэтэрхэр къыдыхьэри сыкъалъэгъуати, сахьыну жаІащ.

- Сэ сыпсэууэ уэ зыми уихьынукъым, абы щхьэкІэ умыгъ!- жиІэри пхъэр иунэщІу щІидзэжащ.

- Пхъэракъым иджы Іэхур, псори пщым и пщІантІэм щызэхуоср, абы кІэри, унафэм едаІуэ! - жиІащ фызым. Мышакъым уэщцр къиштэри, и кІэпкъым дэІуауэ Хьэтіохъущоскъуэхэ я деж кІуащ.

Тэтэрыдзэр яукІыну унагъуэхэм щытрагуашэм:

- Сэ тэтэрипщІ къызэфтыну сыныволъэІу, - жиІащ Мышакъ.

- УэущІалэ закъуэщ, апхуэдиз «пхуэгъэхьэщІэнкъым!»

- «ИгъэхьэщІэнщ», сэ фІыуэ соцІыху а щІалэр, бланэщ, едгъэт! - жиІащ Жэбагъы. - «ХьэщІэ» жагъуэр гьубж жащІым «идгъэкІыжа» нэужь, бгрэжей пщащджьжьым мыбы дыкъыщызэхуэсыкьынщи. Кьэнжалыщхьэ къыщына дзэм унафэ тетщІыхьынщ.

Мышакъ и хьэщІэхэр ишэри, и фыз дахэм деж кІуэжащ.

- Сыт мыхэр къыщІыскуэпшар, септыну ара? - къэуІэбжьащ фызыр.

- Уа, фыз, адыгэ хабзэр пщІыгуплъэжа! Мыхэр щІэзыщ, зэрыбгъэхьэщІэным, зэребгъэфэн-зэребгъэшхэным яужь ит, емыкІу къыдумыгъэхьу. Мыхэр «дгъэхьэщІэн» хуейуэ пщымрэ Жэбагъырэ унафэ къысхуащІащ.

Мышакъым и хьэщІэхэр мэрэмэжьей гуащІэм ирагъафэри, замыщІэжу ягъэжеящ, и уэщцр къиштэри, я пщэр пигъэльэпъэгуэ екІуэкІащ.

ИужькІэ Къэнжал кІуэ дзэм хэту Мышакъ ежьащ. А зауэ гуащІэми хэтащ. Зауэр зэфІэкІыу, укІыгъэхэри уІэгъэхэри зэхуахьэсыжу увыІэпІэ щратым, Мышакъ и псэу е и хьэдэ ягъуэтакъым. Кьуентхъыр гуэшын хуейт. Жэбагъы унафэ ищІащ: «Мышакъ дыпэпльэнщ иджыри тІэкІуэр, ар фІыуэ зауэу сльэгъуащ ныжэбэ». Пэплъэу, зьыхта зауэм и гугъу яІыжу здэщысым, дыгъэри фІыуэ къыдэкІуэтеІуэ, Мышакъ зы къуэ задэ зэв гуэрымкІэ и джатэр зыщІигъакъуэурэ къыдэпщыхри къахьыхьэжащ, и щыгъыныр зэхэфытхъауэ, езым лъыр къетІэтІэхыу.

- Дэнэ, Мышакъ, иджыри къэс уздэщыІар, дэ зауэр зэрыдухрэ мащІэ щІа? - еупщІахэщ.

- Ныжжэ дыщыззэхьхьам мы къуэ кІуэцІым зы гуп дыхьэу сбгъэгъати, сакІэлъыдыхьэри дзэукІыхьащ, - жиІащ Мышакъ.

- «Гупышхуэу» къыщІэкІынт, абы уи закъуэ уакІэлъыдыхьэу щыдзэбукІыхьакІэ! - жиІэри ауанышІу зыгуэр къэдыхьэшхащ.

- Куэдми мащІэми фи нэкІэ флъэгъуам хуэдэ щыІэкъым, фышхьэщцхьи фыдзэпльэ, сэ сукІахэм я хьэдэр зэтеслъхьэри сыкъыдзэкІыжащ, - жиІащ Мышакъ. ЩхьэщцхьэзУ зыдзэплъа къуэм хьэдэхэр Іэтэу щыізэтелът.

- Афэрым, Мышакъ, лІыгъэ уиІэщ, ми къуентхъым узэгуакІуэр къыхэхІ - жиІэри ар Жэбагъы хигъэдащ.

- Си джатэм сризаузэрэ и Іэпщэр къэшри срипыджэ фІэкІа сриуэ мыхъужу гугъу сригъэхьащ, - жиІэри абы зы джатэ кІэщІ цІыкІу къуентхъым къыхихащ.

Мышакъ а зауэм щызэзрихьа лІыхъужьыгъэм щхьэкІэ уэркъ ящІащ, и уэнэцІэр къуажэм фІащащ, жаІэ.

Мышакъ и хахуэгъэр тІэкІу егъэлеиІуауэ хъыбархэм къаІуэтэжу къыщІэкІынщ, ауэ цІыхубэм я лІыхъужьхэр ину яІэту зэрыщытам ар и щапхъэщ.

Льэпщрэ Тхьэгъэлэджрэ баз зэрызэпихьар

● Нарт тхыдэжь

Зы гъатхэ гуэру, вэгъуэ зэманыр къыщысым, Тхьэгъэлэдж Льэпщ дежи кІуащ, фІэбэ иригъэщІыну.

Льэпщ апхуэдизу гъукІэ Іэзэти, «гъущІым и тхьэ» хужаІэрт. Апхуэдэу къызэрыхужаІэри и напщІэ телът.

ЗэныбжьэгъуитІыр уэрщэру здэщысым, Льэпщ и щхьэ щытхужу жиІащ:

- Пшахъуэ тезмыкІутэу гъущІ згъэжьэнщи, фІэбэ пхузэсщІынщ.

- ПщІынкъым,- и фІэщ хъуакъым Тхьэгъэлэдж.

- СщІынщ,- жиІащ Льэпщ.

- АтІэ, уэ пшахъуэ тумыкІутэу гъущІ бгъажьэу щытмэ, сэ жьлэ тезмысэу мэш хьэсэ бэв къэзгъэкІынщ, - жиІащ Тхьэгъэлэдж.

Арыххэу, зэныбжьэгъуитІыр баз зэпихьащ, Іэгу-лъэгу зэхуеуэри, зэбгъэдэкІыжащ.

Льэпщ и щхьэ щытхъужу апхуэдэу жиІа щхьэкІэ, щІегъуэжащ. Сыт хуэдизрэ мыгупсысами, пшахъуэ тримыкІутэу гъущІ игъажьа зэрыхьунур къыхуэщІэртэкъым. Льэпщ абы иригъавэр хъуащ.

И лІыр зэрынэщхъейм фызым гу лъитэри, «Сыт щхьэгъусэр апхуэдизу ухэзыгъаплъэр?» - жиІэри къеупщІащ.

- ДелагъэкІэ си ныбжьэгъум баз сыпихьа хъуащ. Пшахъуэ тезмыкІутэу гъущІ згъажьэу фІэбэ хуэсщІыну езухыліащ, - жиІащ Льэпщ.

- Езым сыт къуиухьлІар? - щІэзыпущІащ щхьэгъусэр.

- Езым къызиухьлІар игъащІэкІэ хуэзфІэмыкІынщ. Жьлэ тримысэу мэш хьэсэ бэв къигъэкІыну къыспихьащ.

- АтІэ, абы уримыгузавэ, лІы, базыр уэ къэпхъэхэщ. Сэ сынэкІуэнщи шэрыбжьым сепщэнщ, уэ узэрылажьэ хабзэу льащэ, пшахъуи тумыкІутэ. Уи гущІри абы щхьэкІэ нэхъыкІэ хъунукъым,- жиІащ фызым.

Льэпщ къэгуфІэжри, и ныбжьэгъум хуиІуэхуащ:

- КъакІуэ, пшахъуэ тезмыкІутэу фІэбэ зэрыпхуэсщІым уеплъынумэ, - жиІэри.

Тхьэгъэлэдж къэкІуащ. Льэпщ и ныбжьэгъур кІыщым щІишэри, псори хуиту плъагъуу, игъэтІысащ.

Льэпщ и фызыр къакІуэри щэдыжьым епщэу къэуващ. Льэпщ зэрыльащэ и хабзэм хуэдэу, ауэ пшахъуэ тримыкІутэу лажьэурэ, гъущІри игъэжьащ, фІэбэри иращІащ.

- Уи фІэщ хъуа, си ныбжьэгъу, сэ сызэрыгъукІэ Іэзэр?- жиІащ Льэпщ.

- Хъуащ, си ныбжьэгъу, сэри баз сызэрыппихьар уи нэгу щІэзгъэкІыну узогъэгутэ!

Апхуэдэу Тхьэгъэлэдж жиІэри, фІэбэзыр ихьри кІуэжащ.

Льэпщ къэхъуар къыгурымыІуэу, и фызым еупщІащ:

- Дауэ пльэкІа пшахъуэ тезмыкІутэу гъущІыр сыбгъэгъэжьэн?

- Ар мыращ уэзыгъэгъэжьар! - жиІэри пшахъуэр и ІэщхьитІым къригъэлъэпъежащ. - Сэ шэдыбжьым сыщепщэм, машІэуэр тІуми фымыльагъуу пхутезгъэщэщащ.

- Сэ ар сигу къэкІынутэкъым. Фызым хуэзфІэмыкІын щыІэкъым! - жиІащ Льэпщ.

Вакіуэ дэкІыгъуэр къыщысым, Тхьэгъэлэдж и ныбжьэгъужьым хуиІуэхри къишащ. Губгъуэм дишри, игъащІэ ньандэрэ мэш зэрызэрашэ гъуэгужьым ишащ, жьлэ тримысэу гъуэгущхьитІыр ивэри бжьыхьэм мэш бэв кІрихьэлІащ.

- Дауэ пльэкІа пшахъуэ тезмыкІутэу гъущІыр сыбгъэгъэжьэн?

- Ар мыращ уэзыгъэгъэжьар! - жиІэри пшахъуэр и ІэщхьитІым къригъэлъэпъежащ. - Сэ шэдыбжьым сыщепщэм, машІэуэр тІуми фымыльагъуу пхутезгъэщэщащ.

- Сэ ар сигу къэкІынутэкъым. Фызым хуэзфІэмыкІын щыІэкъым! - жиІащ Льэпщ.

- Вакіуэ дэкІыгъуэр къыщысым, Тхьэгъэлэдж и ныбжьэгъужьым хуиІуэхри къишащ. Губгъуэм дишри, игъащІэ ньандэрэ мэш зэрызэрашэ гъуэгужьым ишащ, жьлэ тримысэу гъуэгущхьитІыр ивэри бжьыхьэм мэш бэв кІрихьэлІащ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Мурадхэр

Щэнхабзэм игъуэтыну гулъытэр

«Правительствэм и сыхьэтым» хиубыдэу, Федерацэмкіэ Советым къыщыпсэпльащ УФ-м щэнхабзэмкіэ и министр Романовэ Ольгэ. Ар тепсэльыхьащ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр гъэзэщіа зэрыхъуэм.

МИНИСТРЫМ зэрыжиіамкіэ, щэнхабзэм и Іуэхущіапіэу мин 90-м щіигу ди къэралым иІэщи, абыхэм ящыщ куэдыр иджыпёи зэманым декІуу зэтегъэпсыхьыжьи хуейщ. Псалъэм папщІэ, илъэс пщіы бжыгъэ хъуауэ ахъшэ иратыжыркъым сабий, гуащэ театрэм. Иджы лъэпкъ проектым хагъэхьауэ, 2024 гъэр щіиухым ирихьэлІэу театр 46-рэ зыхуей хагъэзэнущ. Ар хъарзынэт, гулъытэ зыгъэзытынур мащІэІуэщ мыхъумэ - зэлэжьыпхъэм и Іыхьэ плІанэращ зэкІэ къахуэзщІэубыдэр.

Библиотекэхэм я Іуэхур нэхъ ягъэкІуэтэфахэм ящыщщ. Урысейм и щІыналъэ 73-м «модельные библиотеки» жьыхуаІэм хуэдэ щаухуащи, абыхэм щІыху куэд екІуалІэ хъуащ. Министрым жиІащ библиотекэхэм тхьилъ къащэхуным текІуадэр федеральнэ, щІыналъэ ахъшэу зэхэдзауэ щытын зэрыхуейм теухуа унафэ зэрагъэхьэзырыр.

Куэд щІауэ къэрал гулъытэ зигъуэтыжыркъым унагъуэ, сабий художественнэ фильм тезыххэм. Романовэм къыхиГъэщащ къанэ щымыІэу а щытыкІэм зэрызыхъуэжыну, зи гугъу тщІа фильмхэм текІуадэнур зэрыщытну къэралым и пащэм зэрыдилъхьэжыр.

Министрыр сенаторхэм ельэІуащ 2023 гъэр Музей-хэмрэ щэнхабзэ щІэинхэмрэ я илъэсу ягъэувыну къызэрыхалъхьэр дАыгъэ. Мы Іуэхухэм апхуэдэ гулъытэ щхьэхуэ ягъуэтмэ, я мурадхэри зрагъэхъулІэфыну жиІащ министрым.

● Ингуш Республикэ

Тыркухэр къадоІэпыкъу

Республикэм щыгъэнихъэр щад и фабрикэм тыкъ ІэщіагъэлІэхэр къэкІуауэ дакІуэхэр ирагъаджэ, Іэмэпсымэщіэхэмкіэ лэжьэфын хуэдэу. Мы дапІэр тыркухэм я мылъкукІэ къагъэщІэрэщІэж. Зэрыжаіэмкіэ, щІэрыщІэу зэтрагъэпсыхьыжа фабрикэм щылэжьэнущ щіыху 1500-рэ.

ТЫРКУ зэхырычэтыщІэхэм ираташ электродвигателхэр къыщыщІагъэкІыу щыта заводри. Абы хуамурадщ вакъэ, лъэпэд эзмылІэужьыгъуэхэр щащІыну.

ИлъэситІ хьауэ республикэм и правительствэм къызэригъэпэща гуп мэлажьэ зи Іуэхур зэІыхьэу зэхуащІыжа фабрикэ, завод нэхъ инхэр езыгъэжьэжьыфынум иратыным техуауэ.

● Ставрополь щІыналъэ

Хэкуэгъухэр ирагъэблэгъэж

Хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм ящыщу къэкІуэжыну гупыж зыщІхэр зэрырагъэблэгъэж, щІыпІэщІэм зэрыхагъэзэгъэж программэ Ставрополь крайм иІэщ 2013 гъэм къыщыщІэдзауэ. Иджыблагъэ абы и пІаньэр 2024 гъэ пщІондэ ягъэІэпхъуащ.

МЫ ПРОГРАММЭР зыхуэгъэзар щылэжьэфыну ныбжьым ит щІыхуэрщ, зыщыпсэу къэралым емыльытауэ. Кьинэмыщіауэ, ар къагъэсэбэпыфынущ хамэ къэралхэм къикІауэ Урысейм куэд щІауэ щылажьэхэм.

Ставрополь крайр зыхуэныкъуэ лэжьакІуэхэм зи Іэщіагъэкіэ хуэкІуэхэм Урысейм и дипломат Іуэхущіапіэхэм лъэІу тхьилъ щІалъхьэн хуейуэ араш.

УздэІэпхъуэ хьунухэм хеубыдэ крайм и муниципальнэ, къалэ округыу 23-рэ. Абыхэм хохьэ Ставрополь, Невинномысск къалэхэр, Кавминводхэм я къалэ-курортхэр, нэгъуэщІхэри. Мы гъэм щіыху 400-м крайр дэІэпыкъунущ лэжьапІэкІи псэупІэкІи я Іуэхур зэтеубла хьуным. Программэр зэрагъэбелджылыр мы щІыпІэм щіыху мини 4,8-рэ къэІэпхъуащ, я унагъуэхэм щІэсхэр хэту - мини 8,8-рэ.

● Дэфтэр

Бжыгъэхэмрэ гъащІэм и пэжыпІэмрэ

Тхьэмахуэ кІуам «Росстат»-м къигъэнэІуащ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я щыІэкІэ-псэукІэр, экономикэр зыхуэдэр къэзыгъэльагъуэ бжыгъэхэр. УмыІэщІагъэлІу а бжыгъэхэм кьыхэбджыкІыфынур мащІэщ, ауэ а дэфтэрым тепсэльыхьахэм нэхъ сфІэгъэщІэгъуэну къыхэсхащ экономист Миркин Яков жиІэр.

АБы ЯПЭ упщІэу игъэувыр ди къэралым и щІыналъэхэм я щіыхуащхьэкІэ яІэ хэхъуэрэ хэщІымрэщ. Нэгъабэ Урысейм щіыху мин 700 кІэрыхуу иІащи, абыхэм я нэхъыбэр зыхуэзэр Центральнэ Федеральнэ щІыналъэращ (ЦФО) - процент 34-рэ. Ищхъэрэ-Къухьэпіэ округым - процент 11. Владимир, Иванов, Орлов, Рязан, Смоленск, Тамбов, Тверь, Тулэ, Новгород, Псков областхэм зы илъэсым кьриубыдэу яхэщІащ я щіыхуэм я процент 1 - 1,1-рэ. Псалъэм папщІэ, Псковскэ щІыналъэм 1926 гъэм щіыху мелуан 1,8-рэ щыпсэуамэ, 1989 гъэм мелуан 0,85-рэ хьужу арат. Мы гъэм и щІышылэ маззэм техьащ мелуан 0,62-рэ фІэкІа имыІэжу. Илъэсищэм кьриубыдэу хуэди 3-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, иужьрей илъэс 30-м хэщІащ процент 27-рэ.

Миркиным жеІэ къэралым и къалэн нэхъыщхьэр - щіыхур ихьуэныр - къьмыхъьлІэу, къыщалъхуа щІыпІэхэр ябгьнэу щіыхуэр къаІэшхуэжьэм зэрыІэпхъуэр къьхуэзтемыгъэуфыІэу. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, а псори зэпхьжар щіыхуэм я псэукІэмрэ я хэхъуэмрэщи, 2014 - 2020 гъэхэм щіыхуэм я хэхъуэм проценти 10-м щІигу хэщІащ. Ауэ, «Росстат»-м къызэрилъытэмкІэ, Іуэхуэр щіыхуэм щІыналъэхэм щіыІэщ. Проценти 5,5-кІэ я хэхъуэр бэгъуащ Чукоткэ щІыпсэухэм. Апхуэдизу дыдэ мыхъуами, зи Іуэхуэр нэхъыфІхэм ящіыщу Адыгей, Къалмыкъ, Ингуш республикэхэр, Ленинград, Мурманск, Магаданэ областхэр. Иужьрей-хэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ я Іэмалхэр зэрынэхъыфым шэч хэлъкъым, ауэ ди гъунэгъу республикэхэм я щіыхуэм я хэхъуэр «кьеблэжу» къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэм си щхьэкІэ гурыщхъуэ сагъэщІ, иужьрей илъэсипщІым щіыхуэм я тхьэусыхэр нэхъыбэ зэрыхъум, я сомым къыщІэкІым зэрыхэщІым тызоущіыхьри. Зи промышленностыр нэхъ лъэщ Свердлов, Новгород Ищхъэрэ областхэм, Ставрополь крайм щіыхуэм я хэхъуэм проценти 4-м къыщыщІэдзауэ 8-м нэс щіыхэщІащ.

Экономистым ыкъыгегъащ промышленностымкІэ, ухуэныгъэмкІэ зи Іуэхуэр нэхъыфІхэр. Узыпэплъэ упщІэщ игъэуври: зы щІыналъэм дауэ зыІэригъэхьэфрэ апхуэдэ екъулІэныгъэ, адрейхэм ар щхьэ щапхъэ яхуэмыхъуэр? Къалэ щіыкІуу, курыту ябжжэм псоми зэхэту щіыху мелуани 100-м щІигу щопсэу. Сыт я щіыхІэ-псэукІэ мыбыхэм? А псом егупсысын хуейуэ къелытэ бжыгъэхэм ирипльа щІэныгъэлІым.

Зэхьэзэхуэм и судьяхэм яхэту. *2008 гъэ*

Къып Іэмырбий и унагъуэр. *1993 гъэ*

● Дифі догъэлъапІэ

Къып Іэмырбий и рекордхэр

Сэрмакъ къуажэращ къыщалъхуар икІи къыщыхъуар 1967 гъэм хьэлъэ къэІэтыныкІэ Совет Союзымрэ Европэмрэ я рекорд зыгъэувa, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу япэ дыдэу атлетикэ хьэлъэмкІэ дунейпсо класс зиІэ спортым и мастер хъуа Къып Іэмырбий.

ІЭМЫРБИЙ къэхъуащ, дэтхэнэ зы къуажэдэс щІалэ щіыкІуми хуэдэу, лэжьыгъэми гугъуехьми къыпимыкІуэту. Унагъуэ Іуэхури губгъуэ къалэнри зэрыхузэфІэкІкІэ зэдихьырт, ебжэнри Михаил и гущІэм. А псом ищІыІужкІэ, къару къыхуэнэрт хьэблэ сабийхэм ящіыгъуу топ джэгуну, бэнэну.

Іэмырбий и гъащІэм зэхъуэкІыныгъэшхуэ кьыхилъхьащ 1960 гъэм. Ар щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и физико-математикэ факультетым. Еджэным хуэнэхъуеиншэ щІалэм спортри фІы дыдэу илъагъурт. Псом хуэмыдэу дихьэхырт бэнэкІэ хуитым, екъулІэныгъэ гуэрхэри абы щиІэт.

Сабий стадионым къыщызэрагъэпэща спорт секцэхэм япэ курсым щІэтІысхьащ трагуэщащ. Дауи, къалъытащ щхьэж дзэзыхьэхыр. Къып Іэмырбий зыхригъэтхащ къэрал псом щыщІэрыІуэ, СССР-м спортымкІэ и мастер бэнакІуэ икІи гъэсакІуэ лъэщ Щэныбей Михаил и гущІэм. Абыи ехъулІэныгъэшхуэхэр къыщыпэплъэу къыщІэкІынт, арщхьэкІэ...

Къыпыр япэ зыгъэсэныгъэм къыщекІуэлІам есым хуэдэ щІалэщІэ гуп щытт, бжэр къыщыІуахьныным пэплъэу. Щэныбейр зэхьэзэхуэ гуэрым кІуауэ щыІэтэкъым. Пэмыжьжьэу нэгъуэщІ зы гуп къыщытт. Ереван дэт физкультурэмкІэ институтыр къэзыхуагъащІэ Шыд Хьусен абыхэм кьахихыр атлетикэ хьэлъэм хигъэхьэнухэр. Штангэр я пщэм дэлъу щІалэхэр дапщэрэ къэтэджыфми ар еплъырт. ФІэхьэлэмэт хьури, Іэмырбий и къарур зэдиэсым епльыжьну мурад ищІащ. Зэ, тІэу, щэ... Къыпым псом нэхъри нэхъыбоэр штангэр и пщэм дэлъу зыкьиІэтыфащ.

«Уэ пелуан нэсу укъигъэщІащ, - кьыжриІащ абы Шыд Хьусен. - Кьыхьихьэ си гупым!»

Апхуэдэу, зэрымыщІэкІэ, Къып Іэмырбий атлетикэ хьэлъэм хьыхащ. Абы япэ гъэсакІуэ щыхуэхуэуа Шыд Хьусен ар а спорт лІэужьыгъуэм апхуэдизу дригъэхьэфат, и щхьэхуэм хигъэгъуэзэфати, илъэситІ щыдэкІам япэ разряд иІэ хъуат. АрщхьэкІэ пасэу фІыуэ илъэгъуа бэнэкІэри занщІэу Іэщіыб хуэщІакъым. Уеблэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпион лъэпкъ бэнэкІэмкІэ щыхъуа щыІэщ.

Іэмырбий и гъащІэм аргуэру зэ 1963 гъэм зигъэзащ. ИлъэситкІэ Налшык щеджауэ, абы щыгъэдзыжащ Мэзкуу дэт энергетикэ институтым (МЭИ). Хэт ищІэнт Сэрмакъ щыщ щІалэщІэм и гъащІэр адэкІэ къэралым и къалащхьэм епхауэ щытыну?!

Къып Іэмырбий езым зэрыжиІэжу щытамкІэ, спортыр зэи гъащІэм япэ иригъэщакъым. ФІы дыдэу кьыгурыІуэрт спортсменым и гъэзуанэр зэрыкІэщІыр икІи Іэщіагъэ тэмэм зэрызригъэгъуэтынми ерыщу хущІэкъуащ. Армырауэ, и къару, зэфІэкІ псори атлетикэ хьэлъэм тригъэкІуэдатэмэ, дуней псом цІэрыІуэ щыхъунт. Апхуэдэу щыт пэтми, хуэзфІэкІар мащІэкъым.

«Буревестник» спорт обществэм етІуанэ увыпІэр къыщихьри, 1966 гъэм Іэмырбий спортым и мастер хъуащ. КъыкІэлъыкІуэ илъэситхум абы щытекІуар адыгэ щІалэращ. Иужькіэ «Труд» обществэри игъэбелджылІащ.

1967 гъэм Армением щекІуэкІырт СССР-м и Лъэпкъхэм я спартакиадэ. Къэрал абрагъуэм и спортсмен нэхъ лъэщ дыдэхэр абы хэтт. Атлетикэ хьэлъэмкІэ зэпеуэм дыщіилъпІэт Къып Іэмырбий. Килограмм 82,5-рэ зи хьэлъагъэм я зэныкъуэкъуныгъэм хуабжьу къыщыхэжаныкІырт Мэзкуу и командэ къыхэхам зыкъыщызыгъэльагъуэ ди лъахэгъур. Абы хуэзфІэкІащ, килограмми 148-рэ къыкІэтыну. Ар Совет Союзми Европэми я рекордт! Дуней псом къыщалэтам ефІэкІын папщІэ килограмм ныкъуэ чэмыжу арат. Абыи ебгъэрыкІуащ Іэмырбий, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, къехъулІакъым.

Ереван щиІа зэфІэкІ лъагэр гулъытэншэ хъуакъым. Зи стипендиер тумэних фІэкІа мыхъу щІалэм саугъэту сом 500 (!) зэуэ кьратащ. Ар и ныбжьэгъуэр зыщІэс общежитым Іэтауэ щагъэльэпІащ. Зи цІэкІэ утыку кьихьа Мэзкуу къалэм и унафэщІэр нэхъ жумартыкт - студент щІалэм къалащхьэм езым и фэтэр щхьэхуэ къыщратащ.

А илъэс дыдэм Къыпыр дунейпсо рекордым Венгриеи и къалащхьэ Будапешт щебгъэрыкІуащ. КъехъулІэнми зы мащІэ дыдэщ иІэжар - килограмми 150-р къиІэта пэтми, хуэІыгъыжакъым.

1971 гъэм дунейпсо классымкІэ спортым и мастер хъуащ сэрмакъ щІалэр. Троеборьем (толчок, рывок, жим) абы килограмм 490-рэ къыщІэтащ икІи етхуанэу зэкІэльхьэужьу Мэзкуу къалэм и чемпионыгъэм нэсащ.

БлэкІа лІэщІыгъуэм и блыщІ гъэхэм Къып Іэмырбий яхьихьэу щытащ Совет Союзым и штангист нэхъ пэщІ дыдэхэм. Венгриеи, Германиеи, нэгъуэщІ къэрал куэдхэм абы екІуу зыкъыщигъэльэгъуащ. СССР-м и етІуанэ командэ къыхэхам щыщу 1968 гъэм мазэ псокІэ Тунисым щыІащ, а къэралым и спортсменхэр атлетикэ хьэлъэм щыхуигъасэу.

Къып Іэмырбий 1974 гъэм спортым зэкІыжащ. Абы ирихьэлІэу щхьэгъэгъуэрэ бынищэ иІэт икІи зэхэзэкІуэ, зыгъэсэныгъэ хъомыр Іэщіыб ищІу и гъащІэр нэгъуэщІу зэтриухуэн хуейт.

Магадан щылажьэ ди лъахэгъуэм я чэнджэщкІэ Сыбыриеи къыщыщІидзащ. Мэзкуу дэт энергетикэ институтым и аспирант Къыпыр зимыуасыгъуэджэу уващ «Снежный» Іэщіагъашхэ совхозым и электромонтажникэм я бригадиру. Апхуэдэу къыщІидзэри, хозяйствэм и энергетик нэхъыщхьэ, иужькІэ и унафэщІ хъуащ, цІыху 1500-м щигу и Іэмыщ1эм илъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыгъэзэжар 1988 гъэращ. «Налшык» совхозым и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщІу къыщІидзэри, хозяйствэм иужькІэ и пщэм къралъхьэжащ. Абы илъэс пщыкІузкІэ щылажьауэ, пенсэм кІуэри, и бынхэр здэщыІэ Мэзкуу Іэнхъуэжащ.

Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щІыхь зиІэ я журналист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта Мэшыкъуэ Тэзал Мэзкуу дэт къэрал университетым щыщІеджэ зэманми аспирантурэм щыщІэсами куэдрэ хуэзэрт и анэр шыпхъум и къуэ Къып Іэмырбий. КъыщыкІуэжэм и деж Мэшыкъуэжэ я хьэщІэ лъапІэт, сыт хуэдэ Іэзэхуэкіи зэрыщІэрт.

- Си бынхэм я деж Мэзкуу сыІэпхъуэжри, аргуэру сыхьыхьэжащ... атлетикэ хьэлъэм, - жиІэрт Іэмырбий. - Дунейпсо категорие зиІэ судьяуэ сыщытти, Атлетикэ псынщІэмкІэ федерацэм жыдэжру дэлэжьэн езгъэжьащ. Къыщынэмыщіауэ, олимп резервхэр щагъэхьэзыр «Юность Москвы» сабий-ныбжьыщІэ спорт школым щыкІуэр щыщгъэсащ. Абыхэм ящадэкІуэу къэзухащ Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ Урысей къэрал университетыр. Зэрыжаіэщи, уеджэну зэи кІасэкъым.

Къып Іэмырбий и щхьэгъусэ Светланэ къиухащ Мэзкуу дэт архитектурэ институтыр. Пенсэм тІысыжьыхьІэ къалащхьэм и проект Іуэхущіапіэхэм щылэжьащ. Абыхэм я къуэ нэхъыжь Асльэн Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щеджащ. Къызэригъэзэжкрэ Мэзкуу и ухуэныгъэмрэ архитектурэмрэ пэрытщ. ЩІалэ нэхъыщІэ Заур къалащхьэм ямыгъэІэпхъуэ и мылъкум и менеджерщ. ФатІимэ и Іэщіагъэкіэ экономистщ. Канадэм и Торонто къалэм щопсэу икІи щолажьэ, гражданствэ тІуащІэ иІэщ.

Хьэлэъэ къэІэтныкІэ Совет Союзымрэ Европэмрэ я рекорд зыгъэувa, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу япэ дыдэу атлетикэ хьэлъэмкІэ дунейпсо класс зиІэ спортым и мастер хъуа Къып Іэмырбий къызэрытхэмытыжрэ мазаем (февралым) и 20-м илъэсиплІ ирикъуащ. АрщхьэкІэ ар ящыгъупщэркъым къыщалъхуа икІи къыщыхуа Сэрмакъ къуажэм, зи щІыхьыр иІэта Къэбэрдей-Балъкъэрым, къэралым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Швеце

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Тыкуэнтет зыри хуеижкъым

Швецием тыкуэнтети хъумакІуи зыщІэмыт тыкуэнхэр иІэ хъуащ. Компьютерымрэ видеокамерэхэмрэ псори зэфІагъэкІ.

АПХУЭДЭ тыкуэным ущыщэхуэн папщІэ абы хухэха гуэдэныр уи смартфоным итын, езыри банк картэм пыщІэжауэ щытын хуейщ. ГъэщІэгъуэныр тыкуэным щІыхуитІ щІэтмэ, компьютерым бжэр къызэрыІуимыхырщ. Ар коронавирусым къаригъэгупсысащ, щІыху куэд зэтрихьэмэ, зэрыщІэлэнкІэ хъунущи.

Тыкуэным щІыхьам къищта хьэпшыпым и телефоныр трегъапсэ, и картэм ахъшэр хэх. А поми камерэхэр кІэльэоплъ. Кьуажэ пхьыдэ щІыкІуэм 2018 гъэм щагъэуву щІадзат мыпхуэдэ телефонхэр, абыхэм тыкуэнтет щыбгъэлажьэну фейдэтэкъыми. Уз зэрыщІалэр къыщежьэм тыкуэн-роботхэр нэхъыбэ хъуащ.

● Мурадхэр

Щэнхабзэм игъуэтыну гулъытэр

«Правительствэм и сыхьэтым» хиубыдэу, Федерацэмкіэ Советым къыщыпсэпльащ УФ-м щэнхабзэмкіэ и министр Романовэ Ольгэ. Ар тепсэльыхьащ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр гъэзэщіа зэрыхъуэм.

МИНИСТРЫМ зэрыжиіамкіэ, щэнхабзэм и Іуэхущіапіэу мин 90-м щІигу ди къэралым иІэщи, абыхэм ящыщ куэдыр иджыпёи зэманым декІуу зэтегъэпсыхьыжьи хуейщ. Псалъэм папщІэ, илъэс пщіы бжыгъэ хъуауэ ахъшэ иратыжыркъым сабий, гуащэ театрэм. Иджы лъэпкъ проектым хагъэхьауэ, 2024 гъэр щіиухым ирихьэлІэу театр 46-рэ зыхуей хагъэзэнущ. Ар хъарзынэт, гулъытэ зыгъэзытынур мащІэІуэщ мыхъумэ - зэлэжьыпхъэм и Іыхьэ плІанэращ зэкІэ къахуэзщІэубыдэр.

Библиотекэхэм я Іуэхур нэхъ ягъэкІуэтэфахэм ящыщщ. Урысейм и щІыналъэ 73-м «модельные библиотеки» жьыхуаІэм хуэдэ щаухуащи, абыхэм щІыху куэд екІуалІэ хъуащ. Министрым жиІащ библиотекэхэм тхьилъ къащэхуным текІуадэр федеральнэ, щІыналъэ ахъшэу зэхэдзауэ щытын зэрыхуейм теухуа унафэ зэрагъэхьэзырыр.

Куэд щІауэ къэрал гулъытэ зигъуэтыжыркъым унагъуэ, сабий художественнэ фильм тезыххэм. Романовэм къыхиГъэщащ къанэ щымыІэу а щытыкІэм зэрызыхъуэжыну, зи гугъу тщІа фильмхэм текІуадэнур зэрыщытну къэралым и пащэм зэрыдилъхьэжыр.

Министрыр сенаторхэм ельэІуащ 2023 гъэр Музей-хэмрэ щэнхабзэ щІэинхэмрэ я илъэсу ягъэувыну къызэрыхалъхьэр дАыгъэ. Мы Іуэхухэм апхуэдэ гулъытэ щхьэхуэ ягъуэтмэ, я мурадхэри зрагъэхъулІэфыну жиІащ министрым.

● Ингуш Республикэ

Тыркухэр къадоІэпыкъу

Республикэм щыгъэнихъэр щад и фабрикэм тыкъ ІэщіагъэлІэхэр къэкІуауэ дакІуэхэр ирагъаджэ, Іэмэпсымэщіэхэмкіэ лэжьэфын хуэдэу. Мы дапІэр тыркухэм я мылъкукІэ къагъэщІэрэщІэж. Зэрыжаіэмкіэ, щІэрыщІэу зэтрагъэпсыхьыжа фабрикэм щылэжьэнущ щіыху 1500-рэ.

ТЫРКУ зэхырычэтыщІэхэм ираташ электродвигателхэр къыщыщІагъэкІыу щыта заводри. Абы хуамурадщ вакъэ, лъэпэд эзмылІэужьыгъуэхэр щащІыну.

ИлъэситІ хьауэ республикэм и правительствэм къызэригъэпэща гуп мэлажьэ зи Іуэхур зэІыхьэу зэхуащІыжа фабрикэ, завод нэхъ инхэр езыгъэжьэжьыфынум иратыным техуауэ.

● Ставрополь щІыналъэ

Хэкуэгъухэр ирагъэблэгъэж

Хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм ящыщу къэкІуэжыну гупыж зыщІхэр зэрырагъэблэгъэж, щІыпІэщІэм зэрыхагъэзэгъэж программэ Ставрополь крайм иІэщ 2013 гъэм къыщыщІэдзауэ. Иджыблагъэ абы и пІаньэр 2024 гъэ пщІондэ ягъэІэпхъуащ.

МЫ ПРОГРАММЭР зыхуэгъэзар щылэжьэфыну ныбжьым ит щІыхуэрщ, зыщыпсэу къэралым емыльытауэ. Кьинэмыщіауэ, ар къагъэсэбэпыфынущ хамэ къэралхэм къикІауэ Урысейм куэд щІауэ щылажьэхэм.

Ставрополь крайр зыхуэныкъуэ лэжьакІуэхэм зи Іэщіагъэкіэ хуэкІуэхэм Урысейм и дипломат Іуэхущіапіэхэм лъэІу тхьилъ щІалъхьэн хуейуэ араш.

УздэІэпхъуэ хьунухэм хеубыдэ крайм и муниципальнэ, къалэ округыу 23-рэ. Абыхэм хохьэ Ставрополь, Невинномысск къалэхэр, Кавминводхэм я къалэ-курортхэр, нэгъуэщІхэри. Мы гъэм щіыху 400-м крайр дэІэпыкъунущ лэжьапІэкІи псэупІэкІи я Іуэхур зэтеубла хьуным. Программэр зэрагъэбелджылыр мы щІыпІэм щіыху мини 4,8-рэ къэІэпхъуащ, я унагъуэхэм щІэсхэр хэту - мини 8,8-рэ.

● Дэфтэр

Бжыгъэхэмрэ гъащІэм и пэжыпІэмрэ

Тхьэмахуэ кІуам «Росстат»-м къигъэнэІуащ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я щыІэкІэ-псэукІэр, экономикэр зыхуэдэр къэзыгъэльагъуэ бжыгъэхэр. УмыІэщІагъэлІу а бжыгъэхэм кьыхэбджыкІыфынур мащІэщ, ауэ а дэфтэрым тепсэльыхьахэм нэхъ сфІэгъэщІэгъуэну къыхэсхащ экономист Миркин Яков жиІэр.

АБы ЯПЭ упщІэу игъэувыр ди къэралым и щІыналъэхэм я щіыхуащхьэкІэ яІэ хэхъуэрэ хэщІымрэщ. Нэгъабэ Урысейм щіыху мин 700 кІэрыхуу иІащи, абыхэм я нэхъыбэр зыхуэзэр Центральнэ Федеральнэ щІыналъэращ (ЦФО) - процент 34-рэ. Ищхъэрэ-Къухьэпіэ округым - процент 11. Владимир, Иванов, Орлов, Рязан, Смоленск, Тамбов, Тверь, Тулэ, Новгород, Псков областхэм зы илъэсым кьриубыдэу яхэщІащ я щіыхуэм я процент 1 - 1,1-рэ. Псалъэм папщІэ, Псковскэ щІыналъэм 1926 гъэм щіыху мелуан 1,8-рэ щыпсэуамэ, 1989 гъэм мелуан 0,85-рэ хьужу арат. Мы гъэм и щІышылэ маззэм техьащ мелуан 0,62-рэ фІэкІа имыІэжу. Илъэсищэм кьриубыдэу хуэди 3-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, иужьрей илъэс 30-м хэщІащ процент 27-рэ.

Миркиным жеІэ къэралым и къалэн нэхъыщхьэр - щіыхур ихьуэныр - къьмыхъьлІэу, къыщалъхуа щІыпІэхэр ябгьнэу щіыхуэр къаІэшхуэжьэм зэрыІэпхъуэр къьхуэзтемыгъэуфыІэу. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, а псори зэпхьжар щіыхуэм я псэукІэмрэ я хэхъуэмрэщи, 2014 - 2020 гъэхэм щіыхуэм я хэхъуэм проценти 10-м щІигу хэщІащ. Ауэ, «Росстат»-м къызэрилъытэмкІэ, Іуэхуэр щіыхуэм щІыналъэхэм щіыІэщ. Проценти 5,5-кІэ я хэхъуэр бэгъуащ Чукоткэ щІыпсэухэм. Апхуэдизу дыдэ мыхъуами, зи Іуэхуэр нэхъыфІхэм ящіыщу Адыгей, Къалмыкъ, Ингуш республикэхэр, Ленинград, Мурманск, Магаданэ областхэр. Иужьрей-хэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ я Іэмалхэр зэрынэхъыфым шэч хэлъкъым, ауэ ди гъунэгъу республикэхэм я щіыхуэм я хэхъуэр «кьеблэжу» къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэм си щхьэкІэ гурыщхъуэ сагъэщІ, иужьрей илъэсипщІым щіыхуэм я тхьэусыхэр нэхъыбэ зэрыхъум, я сомым къыщІэкІым зэрыхэщІым тызоущіыхьри. Зи промышленностыр нэхъ лъэщ Свердлов, Новгород Ищхъэрэ областхэм, Ставрополь крайм щіыхуэм я хэхъуэм проценти 4-м къыщыщІэдзауэ 8-м нэс щіыхэщІащ.

Экономистым ыкъыгегъащ промышленностымкІэ, ухуэныгъэмкІэ зи Іуэхуэр нэхъыфІхэр. Узыпэплъэ упщІэщ игъэуври: зы щІыналъэм дауэ зыІэригъэхьэфрэ апхуэдэ екъулІэныгъэ, адрейхэм ар щхьэ щапхъэ яхуэмыхъуэр? Къалэ щіыкІуу, курыту ябжжэм псоми зэхэту щіыху мелуани 100-м щІигу щопсэу. Сыт я щіыхІэ-псэукІэ мыбыхэм? А псом егупсысын хуейуэ къелытэ бжыгъэхэм ирипльа щІэныгъэлІым.

Узыншагъэр саугъэтщ

«Гладиатор» уардэунэм иджыблагъэ щрагъэкІуэкІащ алыдж-урым бэнэкІэмкІэ республикэпсо зэпеуэ. Абы хэтащ илъэс 11, 12, 13 ныбжьымит спортсмен щыкІуи 100-м нэблагъэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кьрихьэлІащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министр Хьэсанэ Ислъам, абы и къуэдзэ Анаев Аслъэн, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер Къардэн Анзор, сабийхэм алыдж-урым бэнэкІэмкІэ я гъэсакІуэхэм я унафэщІ Урысмамбэт Алим, нэгъуэщІхэри.

Зэхьэзэхуэм щызэпэщІуэ ва бэнакІуэ щыкІуэр ерыщу зэныкъуэкъуахэщ. Ялэ, етІуанэ, ещанэ увыпІэхэр къэзыхьахэм тыгъэ хуащІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и сурэт зытет футболкхэмрэ медалхэмрэ. Саугъэт нэхъыщхьэу Кубокыр кьыхуагъэфэщащ Налшык къалэм и спортсменхэм.

- Ныбжьыщіэхэр щхьэрыутІыпщу уэрамым дэмытын, ахэр спортым дедгъэхьэхын папщІэ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр щІэх-щІэхьыурэ идогъэкІуэкІ. Сабийхэм я фэдизкІэ зэфІэкІныкъым. Ахэр къызыхэкІа лъэпкъым и пщІэр ямыгъэпуду, хьалщэн дахэ яхэлъу утыку ятыфу щытын хуейщ. Мис апхуэдэ гъэсэныгъэ цІыкІухэм ябгъэдэлъхьэныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм хеубыдэ. Сабийхэм я фэдизкІэ ди гъэсэнхэм я адэ-анэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ. Ди сабийхэр зыщІэс школхэм дыкІуэрэ я ныбжьыщІэхэм дыкІэлъоплъ, я цІыху хэтыкІэми дыщІоупщІэ, сыту жиІэмэ, дэ тщІэн хуейщ ди гъэсэнхэм я дуней тетыкІэр, я Іуэху зыІутыр, - жеІэ УФ-м щІыхь зиІэ и тренер Къардэн Анзор.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэныджэ Замирэ, Тэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщі Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущіапіэхэм яІэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдэзэкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэтэтхэм - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалъэта